Æппæт бæстæты пролетартæ, баиу ут!

РÆСТДЗИНАД

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы æмæ Министрты Советы органæн
Орган Северо-Осетинского обкома КПСС, Верховного Совета и Совета Министров Северо-Осетинской АССР

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы

1990
МАЙ–
Særdæværæny
mæj
5
САБАТ
№ 87 (17769)

Аргъ 3 кап.

АБОН-МЫХУЫРЫ БОН

АХСДЖИАГ ХОТЫХ

Стыр у советон мыхуыры ахадындзинад. Уый у партийы цыргъдæр хæцæнгарз, йæ хæстæгдæр æххуысгæнæг, дзыллæты коммунистон хъомылады тыхджын фæрæз. Мыхуыры ахадындзинад уæлдай стырдæр у ныртæккæ, нæ бæстæйы рацарæзт парахатæй куы цæуы, уыцы рæстæг. Рацарæзты, нæ царды æппæт къабæзты стыр ивддзинæдты рæстæг хъæддыхæй домы, цæмæй газетты фæрстыл нудадзыг тæлфа цард, зына дзы нæ размæцыд йæ æнтыстытимæ, йæ къуыхцытимæ. Газеткæсджытæ мыхуырмæ æнхъæлмæ кæсыиц раст, рацарæзты ахсджиаг фарстатыл зæрдæбын, хъуыддæджы æмæ биноныт ныхасмæ, фæнды сæ, цæмæй алы статьяйы æмæ æрмæджы дæр хабæрттæ раст æмæ афоныл равдисынæй уæлдай уыдон æмбæрстонд æрцæуой зонджыныæй, иртасой сæ æппæт хуызты, кæиой ахъаззаджы æмæ пайдайаг хатдзæгтæ.

Абои уæлдай ахадгæдæрæй зæлы партион мыхуырæн ленинон ныстуан: къаддæр политикон дзæнгæда, фылдæр æцæг хъуыддаг, дзыллæты цардæгас бæлвырд æвдисæнтыл хъомылад. Мыхуыры хæс у рацарæзты платформæйыл æхсæнады æппæт æнæсахъат тыхтæ æнгом кæныны хъуыддæджы активон, бынат ахсын. Рæстдзинад, æрмæстдæр рæстдзинад фыссын, СЦКП-йы политикæ, бындурон рацарæзты æмæ фæногдæр кæнынц политикæ хъæддыхæй æмæ æнæфæцудгæйæ царды уадзын — ахæм у журналисты хæс.

Парти мыхуыры куспжытæй домы, цæмæй се 'ргом æппæтæй дæр аздахой СЦКП-йы политикæ æххæст кæныны сæйраг фæндæгтæм, уынмæ сæ сæйраг темæ хъуамæ суа рацарæзты, СЦКП-йы ЦК-йы 1990 азы февралы æмæ мартъийы Пленумты домæнтæм гæсгæ парти рацаразыны цыд арф, æппæтвæрсыгæй æвдисын,

СЦКП-йы XXVIII съездмæ цæттæ кæныны рæстæг мыхуыры куыдзыл зæрдæ æххуысгæнджытæ сты, советон адæм æмæ парти цы фæндагыл рацыдысты, уый парахатæй æмæ арф æвдисынæн, йæ организациты размæ цы иог хæстæ лæууы, уыдон æххæст кæнынæн. Уымæ хъуамæ арæзт æрцæуа СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы æмæ партийы иог Уставы проекттыл æппæтпартион ныхас. Партион мыхуыры фæрстыл парахат кæныи хъæуы хъуыддагæн пайдайаг ныхас.

Фæлтæртæ историон æгъдауæй кæрæдзи ивгæ цæуынц. Уый æвдисæйæ, сæрмагондæй бацамонын хъæуы цытджын Уæлахизы 45 азы бон, фашистон хъылмайæ фермæзыи кæныны хъуыддæгтæмæ советон адæмы æппæтцæдисон конкурс «Службæ кæныи Советон Цæдисæны»-ы ССР Цæдисы Журналисты цæдис, Советон Æфсады æмæ Хæстон-Денджызон Флоты Сæйраг политикон управлени ССР Цæдисы ДОСААФ-ы ЦК æмæ хæсты æмæ фæллойы ветераны Æппæтцæдисон совет дыккаг преми саккаг кодтой Цæгат Ирыстоны АССР-йы телеуыныиады æмæ радиохъусыиады Паддзахадон комитетæн.

ВЛАДИМИР ИЛЬИЧ ЛЕНИН

ДЫККАГ ПРЕМИ

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты советон адæмы Уæлахизы 45 азы боны кадæн æппæтцæдисон конкурс «Службæ кæныи Советон Цæдисæны»-ы ССР Цæдисы Журналисты цæдис, Советон Æфсады æмæ Хæстон-Денджызон Флоты Сæйраг политикон управлени ССР Цæдисы ДОСААФ-ы ЦК æмæ хæсты æмæ фæллойы ветераны Æппæтцæдисон совет дыккаг преми саккаг кодтой Цæгат Ирыстоны АССР-йы телеуыныиады æмæ радиохъусыиады Паддзахадон комитетæн.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-ЙЫ СÆЙРАГ СОВЕТЫ

УКАЗ

ТОМАЙТЫ Адæ æмæ ТОРЧЫНТЫ Эммæйæн кадджын ном «Цæгат Ирыстоны АССР-йы культурæйы сгуыхт кусæг» раттыны тыххæй

Советон культурæйы се 'нтыстдзинæдты æмæ бирæ азты сæ зæрдиаг фæллойы тыххæй калджын ном «Цæгат Ирыстоны АССР-йы культурæйы сгуыхт кусæг» лæвæрд æрцæуæд:

Томайты Адæ Барисы чызгæн — Цæгат Ирыстоны АССР-йы телеуыныиады æмæ радиохъусыиады Паддзахадон комитеты сæйраг редакторæн.

Торчыиты Эммæ Михалы чызгæн — Цæгат Ирыстоны телеуыныиады æмæ радиохъусыиады Паддзахадон комитеты режиссерæн.

КАДДЖЫН ХÆРЗИУÆГ

Партион æмæ советон органты бирæ азты зæрдиагæй кæй бакуыста, уый тыххæй Цæгат Ирыстоны АССР-йы юстицийы министр Джыккайты Георгий Антоны фырт æн Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы 1990 азы 4 майы Указмæ гæсгæ лæвæрд æрцыд Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Президиумы Кады грамотæ.

* * *

Полиграфийы бирæ азты зæрдиагæй кæй бакуыста, уый тыххæй Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Президиумы Кады грамотæ.

* * *

Бастдзинады бирæ азты зæрдиагæй кæй бакуыста, уый тыххæй Орджоникидзейы телеграфы инженер Будилова Галинæ Павелы чызгæн Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы 1990 азы 4 майы Указмæ гæсгæ лæвæрд æрцыд Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Президиумы Кады грамотæ.

* * *

Бастдзинады бирæ азты зæрдиагæй кæй бакуыста, уый тыххæй Орджоникидзейы телеграфы инженер Будилова Галинæ Павелы чызгæн Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы 1990 азы 4 майы Указмæ гæсгæ лæвæрд æрцыд Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Президиумы Кады грамотæ.

ФÆСТАГ САХАТ

Фæсарæнты

ÆРТÆ БÆСТÆЙЫ ФЕМБÆЛД

ВАРШАВÆ. Дыууæ гермайнаг паддзахады бануæвинаг кæй сты, уымæ гæсгæ Польшæйы ныгуылæйнаг арæнты фарстатыл цыдис ныхас Польшæйы, ГДР-йы æмæ ФРГ-йы минæвæрттыфембæлды.

Агентад ПАП куыд хъусын кæны, афтæмæй польшæйаг делегаци ракодта Польшæйы æмæ иугонд Германы 'хсæн сæйраг æмахастдзинæдты фæдыл æмбарынгæнæн ныхас. ГДР-йы æмæ ФРГ-йы минæвæрттæ сæ цæстæнгас загътой дыууæ немыцаг паддзахады парламентты æмбæлгæ уынаффæтæ рахæссыны фæдыл.

Уыцы фарстайы фæдыл ныхас дарддæр цæуддзæн Бонны.

МАРЫНЫ ТÆРХОН — НАЛ

ПРАГÆ. Чехословакийы нал уыдзæн марыны тæрхон. Ахæм уынаффæ рахаста бæстæйы парламент ЧСФСР-йы уæлдæр закъонæвæрæг органы сесси. Ныр фыдракæндты тыххæй тæккæ карздæр тæрхон уыдзæн цæрæнбонтæ ахæстоны арвитын.

Уголовон кодексы æрцыд дай тыхджындæр хуыз. Афтæ загъта, Урс хæдзары пресс-конференцийы ныхас кæнгæйæ, АИШ-ы президент Джордж Буш.

«Нæ рæстæджы домæнты аккаг чи уа, Ныгуылæны ахæм ног стратеги саразын хъæуы, уый бацамонгæйæ, президент загъта, ССР Цæдисы Президент М. С. Горбачевимæ фембæлды фæстæ йæ зæрды кæй ис июны кæрон — июлы райдайæны НАТО-йы лæуд бæстæты паддзахæдты æмæ хицауæдты сæрмагондæй Европæйæн НАТО-йы ног парахат стратеги саразын.

ФЕМБÆЛДЫСТЫ

БРЮССЕЛЬ. Европæйаг æмæхсæнæдты æмæ АИШ-ы *'хсæн æмахастдзинæдтæ парахат кæныны фарстатæ уыдысты сæйраг «Нумæйаг базар»-ы лæуд бæстæты фæсарæйнаг хъуыддæгты министрты æмæ АИШ-ы паддзахадон секретарь Дж. Бейкеры фембæлды рæстæг Бельгийы сæйраг горæты. Каст ма-æрцыд Ныгуылæны æмæ Скæсæны 'хсæн æхастдзинæдтæм, Астæккаг æмæ Скæсæн Европæйы, стæй Латинаг Америчы бæстæтæн æххуысы фарстатæм.*

мæйыл æхсæнады æппæт æнæсахат тыхтæ, ныны хъуыддæгты активон, быцæу æхсын. Рæстдзинад, æрмæстдæр рæстдзинад фыссын, СЦКП-йы политикæ, бындурон рацарæзты æмæ фæногдæр кæнынц политикæ хъæддыхæй æмæ æнæфæцудгæйæ царды уадзын — ахæм у журналисты хæс.

Парти мыхуыры куыдзытæй домы, цæмæй се 'ргом æппæтæй дæр адзахой СЦКП-йы политикæ æххæст кæныны сæйраг фæндæгтæм, уымæ сæ сæйраг темæ хъуамæ суа рацарæзты, СЦКП-йы ЦК-йы 1990 азы февралы æмæ мартъийы Пленумты домæнтæм гæсгæ парти рацаразыны цыд арф, æппæтвæрсытæй æвдисын.

СЦКП-йы XXVIII съездмæ цæттæ кæнынц рæстæг мыхуыры куыдзытæ зæрдиаг æххуысгæнджытæ сты, советон адæм æмæ парти цы фæндагыл рацыдысты, уый парахатæй æмæ арф æвдисынæн, йæ организацити размæ цы ног хæстæ лæууы, уыдон æххæст кæнынæн. Уымæ хъуамæ арæзт æрцæуа СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы æмæ партийы ног Уставы проекттыл æппæтпартион ныхас. Партион мыхуыры фæрстыл парахат кæнын хъæуы хъуыддагæн пайдайаг ныхас.

Фæлтæртæ историон æгъдауæй кæрæдзи ивгæ цæуынц. Уый æвдисгæйæ, сæрмагондæй бацамонын хъæуы цыдджын Уæлахизы 45 азы бон, фашистон хъылмайæ фервæзын кæныны хъуыддагмæ советон адæм цы ахъаззагджы бавæрæн бахаста, уый. Парахатдæрæй дæттын хъæуы коммунисты æмæ æнæпартионты инсмотыл афæлгæстытæ. Æппæт хъуыдытæ дæр бæстон хынцгæйæ, авторты хъуыдытæ нæ «лæгъз» кæнгæйæ, газет уынмæ хъуамæ фидар кæна рацарæзты партион цæстæнгас, сæвзæргæ фарстатæ ныхасмæ æвæра афоныл, дзуаппытæ агура ахсджиаг фарстатæн, ахсджиаг бындурæвæрд ныхкъуырд дæтта, партийы, социализмы ленинон уагæвæрдтæ цæсты бафтауыны фæлтæрæнтæ чи кæны, уыдонæн се 'ппæтæн дæр. Газет ма хъуамæ йæ хъус нудзджы дара партион организацити дзуаппытæ æмæ æвзæрстытæ, се 'ргом адæймæ, адæмон депутаты æппæт къæпхæнты Советы, паддзахадон органты, æхсæнадон организацити куыстмæ. Мыхуыры фæрстыл арф равзарын, раст равдисын хъæуы идейон-политикон фарстаты алыхуызон, кæрæдзи ныхмæ лæууæг хъуыддæгтæ. Хъæуы бирæфæлмджын æмæ бирæвæрсыг æхсæнадон царды, æхсæнадон змæлдтытæ æмæ къордты алыхуызон зондахастыты бæстон, хъуыддаг зонгæйæ раиртæст, семæ пайдайаг ныхас, партийы рацарæзты интеллектуалон хъару æппынæдзух фылдæр кæнын. Ахсджиагдæр у адæймаг. Редакциты æмæ журналисты сæйрагдæр хæстæй ис у адæймагмæ, йæ сагъæстæ æмæ домæнтæм арæзт партийы социалон политикæ царды уадзын.

Нæ республикæйы журналисттæ раст æмбарынц рацарæзты, революцион змæлды рæстæджы сæ хæстæ æмæ архайынц, цæмæй сæ куыст уа рæстæджы аккаг. Стыр æргом здæхт цæуы æппæт хъуыддæгтыл дæр æргом дзурынмæ. Æмæ нын ацы ран фидар æнцæйттæ сты нæ автортæ. Уыдон газеты фæрстæм хæссынц царды змæлд, йæ размæ цыды æнтыстытæ æмæ къуыхцытæ, ахсджиаг лыгæнæг фарстатæ. Уыдоны хъæппæрисæй фæстаг рæстæг «Рæстдзинад»-ы фæзынд ног рубрикæтæ, фæмидисджындæр сты «Фыссынц газеткæсджытæ», «Не 'взаг — нæ хæзна», «Æрдз — нæ ныййарæг, нæ дарæг», «Бинонты цард» æмæ æндæр фæрстæ.

Газеткæсджыты раз цардæгасæй æрлæууыдысты нæ абоны бæстæйы нывтæ, йæ размæцыд, йе 'рвылбоны нвдзинæдтæ экономикæйы дæр, культурæйы дæр. Нæ республикон, районты, бирæтиражон газеттæ ныртæккæ сæ сæйрагдæр хæсыл нымайынц партийы XXVIII съездмæ цæттæ кæнынц хъуыддаг. Сæ нунæр номыр дæр нæ рацæудзæн, промышленности, транспорты, арæзтады, совхозты æмæ колхозты фæллойгæнджыты фæллой æмæ разæнгардзинад чи 'вдисы, æнæ ахæм æрмæгæй. Сæ æхсуысгæнджытæ — куысджыты æмæ хъæууон уацхæсджыты æххуысæй, уыдон æвдисынц раззагдæр куыстуæтты, колхозты æмæ совхозты, ерысы раздзæуджыты фæлтæрддзинад, цæмæй райсомы нумæйаг фæллой уа абонæй æнтыстджындæр.

Мыхуыры бон бæрæг кæнгæйæ, зæгъын хъæуы нæ хъæндзинæдты тыххæй дæр. Сæттæм сыл, нырма газеты фæрстыл арæх кæй фæзыны уæлæнгай æрмæджытæ, рохуаты кæй аззайынц иуæй-ну ахсджиаг фарстатæ. Фылдæр æргом нæ здахын хъæуы интернационалон фарстатæм, критикон æрмæджыты фæстæ цы мадзæлттæ арæзт æрцæуы, уыдон бæлвырд кæнынмæ. Уыцы æмæ æндæр фарстатæм læмбынæгдæр хъусдард цæудзæн «Рæстдзинад»-ы.

ВЛАДИМИР ИЛЬИЧ ЛЕНИН

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-ЙЫ СÆЙРАГ СОВЕТЫ

У К А З

ТОМАЙТЫ Адæ æмæ ТОРЧЫНТЫ Эммæйæн кадджын ном «Цæгат Ирыстоны АССР-йы культурæйы сгуыхт кусæг» раттыны тыххæй

Советон культурæйы се 'нтыстдзинæдты æмæ бирæ азты сæ зæрдиаг фæллойы тыххæй кадджын ном **«Цæгат Ирыстоны АССР-йы культурæйы сгуыхт кусæг»** лæвæрд æрцæуæд:

Томайты Адæ Барисы чызгæн — Цæгат Ирыстоны АССР-йы телеуынынады æмæ радиохъусынады Паддзахадон комитеты сæйраг редакторæн.

Торчыны Эммæ Михалы чызгæн — Цæгат Ирыстоны телеуынынады æмæ радиохъусынады Паддзахадон комитеты режиссерæн.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы сæрдар ГАЛАЗТЫ Æ.

Горæт Орджоникидзе,
1990 азы 4 май.

КАДДЖЫН ХÆРЗИУÆГ

Партион æмæ советон органты бирæ азты зæрдиагæй кæй бакуыста, уый тыххæй Цæгат Ирыстоны АССР-йы юстицийы министр Джыккайты Георгий Антоны фыртæн Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы 1990 азы 4 майы Указмæ гæсгæ лæвæрд æрцыд Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Президиумы Кады грамотæ.

* * *

Полиграфийы бирæ азты зæрдиагæй кæй бакуыста, уый тыххæй республикон сæрмагонд типографийы техникон контролы хайады хицау **Дарчиты** Ираидæ Ильяйы чызгæн Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы 1990 азы 4 майы Указмæ гæсгæ лæвæрд æрцыд Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Президиумы Кады грамотæ.

* * *

Бастдзинады бирæ азты зæрдиагæй кæй бакуыста, уый тыххæй Орджоникидзейы телеграфы инженер **Будилова** Галинæ Павелы чызгæн Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы 1990 азы 4 майы Указмæ гæсгæ лæвæрд æрцыд Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Президиумы Кады грамотæ.

ЕРЫСЫ БОНЫГ

СЫГЪДÆГ ХУЫМТÆ

Æрхонкæйы колхоз «Ильичы фæдзæхстытæм гæсгæ»-йы механизатортæ агротехникæйы хуыздæр æмгъуыдтæм тыд фесты раггæнд культуртæ æмæ ныр хуымтæ сты хорз уавæры. Хъацæнтæй афсæст зæххыты ныссагътой картоф — æдæппæт 500 гектары. Ныридæгæн хуымтæ цæхæры хуызæн равзæрдысты. Механизатортæн сæ нысан у алы гектарæй дæр картоф 300 центнеры бафснайын.

Ныртæккæ æрхонкæйаг механизатортæ тауынц нартхоры фæстаг гектартæ. Уыцы куыстытæ кæнынц индустрион технологимæ гæсгæ. Хæдзарады цы æртæ арендон бригады ис, уыдон дзырд радтой гектарæй тыллæг 60 центнеры æрзайын кæныныл. Æмæ сæ ныхас нæ фæсайдзысты. Уыл дзурæг сты ныртæккæ сæ хъуыддæгтæ. Нартхор таугæйæræвдзæдер кусынц механизатортæ. Александр Иванов, Сергей Прокопенко, Павел Нестеренко æмæ иннæтæ. Алчидæр сæ йæ хæслæвæрд ахицæн кæны 140—150 процентæй. Хорз уавæры сты халсары хуымтæ дæр. Пъамидор æмæ къабуска кæм нысагътой, уыцы хуымтæ сты сыгъдæг. Зæрдæ рухс кæны сырх цæхæра æмæ иннæ халсарты хуымты уындæй дæр. Ацы аз æппæт зæххытæ дæр куыстгонд цæудзысты механизмтæй. Уымæ гæсгæ гербицидтæй нал спайда кæндзысты. Уый руаджы æсламдæр уыдзæн продукцийы хиаргъ.

БЕТАНТЫ В.

ФЕСТЫ НАРТХОР ТЫД

МÆЗДÆГ. (Телефонæй). Нæ уацхæссæг нæм куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы аз колхоз «Октябры 40 азы» механизатортæ æмгъуыдтæй раздæр тыд фесты сæ нартхор. Уыцы куыстытæ уæлдай рæвдзæдер ацыдысты Баскаты Хъазыбеджы арендон бригады. Силос æмæ мыггаджы нартхор тыд фесты Фыццагæм майы агъоммæ. Æртæ бонмæ та байтыдтой югославаг нартхор. Бригады уæнгтæ ацы аз дзырд радтой алы гектары дæр тыллæг æппынкъаддæр 80 центнеры æрзайын кæныныл. Ныртæккæ хуымтæ кæм равзæрдысты, уым зæрдæ райы сæ уындæй.

Хорз уавæры сты мæнæуы æмæ халсарты хуымтæ дæр. Механизатортæ сæм фаг бахастой минералон æмæ бынæттон хъацæнтæ. Ацы аз хуымтæ бакусдзысты механизмты фæрцы, гербицидтæ сæм нал бахастой. Ныридæгæн уал механизмтæй базылдысты æхсынæны хуымтæм. Механизатортæ куыд зæгъынц, афтæмæй алы гектарæй дæр тыллæг райсдзысты 22 центнеры.

НÆ БОН ФЫЛДÆР У

Цыппар æмæ ссæдз азы нæ совхозы кæнын фосдарыны куыст. Æнцон нæу, фæлæ цы хъуыддагыл нылланууыдтæн, уый уарзын æмæ йыл зæрдиагæй архайын. Нæ совхоз Дыгуры районы хæдзарæдтæй æппæтæй стырдæр у. Иæ пълантæ, йæ хæстæ дæр фылдæр сты. Æмæ сæ куыд æххæст кæнæм, уымæй аразгæ сты æппæт районы фосдарджыты æнтыстдзинæдтæ дæр.

Фос нæм чысыл нæй, стуртæ нæм ис 3550, хуытæ та — 1300 сæры бæрц. Кæд 1986 азы паддзахадæн æхсыр ауæй кодтам 2080 тоннæйы, уæд фарон та арвыстам 2485 тоннæйы, дзидза ауæй кодтам 60 тоннæйы фылдæр.

Фæлæ мæнмæ уый фаг нæ кæсы, уымæн æмæ дуканитæм куы бацæуын, уæд дзы балхæнынмæ нæдæр æхсыр, нæдæр дзидза ис. Цалдæр азы размæ нæ : щауад цы Хойраджы программæ сфидар кодта, уый кой ныр ничиуал кæны. Колхозтæ æмæ совхозтæ æвзæрдæр кусын байдыдтой, бирæтæ сæ пълантæ не 'ххæст кæнынц. Æмæ уый раст нæу. Разамонджытæй æмæ специалисттæй домæр нал ис. Цалдæр азы дæргъы сæ хæстæм æбæрцонæй куы кæсой, уæддæр сæ ма æрсæр нæй. Раст зæгъын хъæуы, фарон нæ сæйраг зоотехничы йæ куыстæй суæгъд кодтой, фосдарынады фарстатæ афоныл кæй нæ дыг кодта æмæ фермæтыл стыр зиантæ кæй цыди, уый тыххæй.

Цы скæныи хъæуы, цæмæй фосдарынады куыст фæхуыздæр уа, уый тыххæй? Мæнмæ гæсгæ, арендæ йедтæмæ махæн ницы бахуыс кæндзæн. Нæ совхозы уыцы фарстайыд хорз райдыдтам кусын. Æз мæхæдæг зилын мæйдзыд 47 родмæ. Сæ уæзыл хорз æфты, зиантæ сыл нæ цæуы. Холлæгтæ хардз кæнын хæдзардзинæй. Æмæ æрмæст æз нæ кусын афтæ. Гаматы Виталий нæ совхозы шофыræй бирæ фæкуыста, ныр та рацыдис фермæмæ æмæ йæ бионтимæ хæссы 88 стуры. Æвзæр нæ цæуынц йæ хъуыддæгтæ. Зæрдиагæй кусы Калоты Таймураз дæр. Ис æм 80 роды. Суткæмæ дзы алкæй уæзыл дæр æфты 860 граммы.

Ахсджиаг куыст кæнынц Гæзæлты Зинæ æмæ Боботы Эммæ, стæй Кудзойты Солтаны бионтæ. Уыдон райстой фæйнæ 100 галы æмæ сæ хæссынц дзидзайæн.

Ис совхозы сæрмагонд фермæ, уый кæны æрмæст дзидзайы куыст: Ис дзы 1000 стурæй фылдæр. Разамынд ын дæтты Гулунты Къоста.

Фæлæ æмткæй райсгæйæ, нæ æвналæнтæм куы акæсай, уæд нæ бон фылдæр у. Нæ холлæгты хуымтæй фылдæр пайда куы исиккам, уæд æхсыры æрконд æмæ дзидза исыны куыстытæ дæр фæхуыздæр уаиккой. Уый та разамонджытæ æмæ специалисттæй араздæр у. Уæд нæ совхозы кусджытæй бирæтæ фермæтæм рацæуиккой, кæнæ сæхимæ фос хæссиккой.

ТАУАСИТЫ Хадзæт.
Дыгуры районы Цæгольты Георгийы номыл совхозы фермæйы кусæг.

МАРЫНЫ ТÆРХОН — НАЛ

ПРАГÆ. Чехословакийы нал уыдзæн марыны тæрхон. Ахæм уынаффæ рахаста бæстæйы парламент ЧСФСР-йы уæлдæр закъонæвæрæг органы сесси. Ныр фыдракæндты тыххæй тæккæ карздæр тæрхон уыдзæн цæрæнбонтæ ахæстоны арвитын.

Уголовон кодексы æрцыд æндæр ивддзинæдтæ дæр. Зæгъæм, нал дзы ис, политикон зондахасты æфхæрæн кæмæ гæсгæ уыд, ныхасы сæрибарад чи къуда кодта, критикæйы хурхыл чи хæцыд, ахæм статьятæ. Фæлæ уый хыгъд фæкарздæр сты наркоманийы ныхмæ тохы мадзæлттæ.

КÆРÆДЗИ БАМБÆРСТОЙ

ИСЛАМАБАД. Пакистаны премьер-министр Беназир Бхутто загъта, цæттæ кæй у хæстæгдæр рæстæг Индийы премьер-министр В. П. Сингхимæ ныхасмæ дыууæ бæстæйы 'хсæн ахастдзинæдтæ банывыл кæныны Кашмиры районы индиаг-пакистайаг хъæддых уавæр фесафыны фæдыл.

ДЕЛИ. Иди Пакистаны премьер-министр Б. Бхуттойы фæндоныл сразы уыдзæн, Исламабад рагагъоммæ куы ницы домæнтæ æвзæра, уæд. Афтæ загъта Индийы парламенты уæллаг палатæйы Республикæйы фæсарæйнаг хъуыддæгты министры И. К. Гуджрал.

ФАРНЫ ФÆНД

ВАШИНГТОН. Иугонд Штаттæ Европæйы зæххыл æвæргæ хæцæнгæрзтæ нал хуыздæр кæндзысты æмæ дзы нал æрæвæрдзысты тактикон ракетæ «Ланс»-ы уæлæнгæйæ фембæлды фæстæмæ зæрды кæй ис июны кæрон — июлы райдайæны НАТО-йы лæуд бæстæты пайдзахæдты æмæ хицауæдты сæргълæудыхатимæ фембæлын. «Ахæм фембæлды сæйраг нысан уыдзæн 1990 азы фендзæрхыдоиуæвæт Европæйæ-йы НАТО-йы ног парахат стратеги сараз.

ФЕМБÆЛДЫСТЫ

БРЮССЕЛЬ. Европæйаг æмвæзадмæ æмæ АИШ-ы хæсæн æмахастдзинæдтæ парахат кæныны фарстатæ уыдысты сæйраг «Иумæйаг базар»-ы лæуд бæстæты фæсарæйнаг хъуыддæгты министрты æмæ АИШ-ы паддзахадон секретарь Дж. Бейкеры фембæлды рæстæг. Бельгийы сæйраг горæты. Каст ма æрцыд Ныгуылæны æмæ Скæсæны 'хсæн ахастдзинæдтæм, Астæуккаг æмæ Скæсæн Европæйы, стæй Латинаг Америчы бæстæтæн æххуысы фарстатæм.

Баныхас кодтой афтæ, цæмæй АИШ-ы президент афæдз дыууæ хатты æмбæлы Европæйаг советы сæрдаримæ.

Райгуырæн бæстæйы

ÆХСÆНАДЫ ДОМÆНМÆ ГÆСГÆ

ТБИЛИС. Гуырдзыстоны ССР-йы Наукæты академийы Физикæйы институты ядерон центры райдыдтой ядерон реактор халыны «куыстытæ Бирæ рæстæджы дæргъы физиктæн ахсджиаг раиртæстытæ аразынæн æххуыс чи уыд æмæ æрдзæн æппынфæдæр чи ницы зиан æрхаста, уыцы иртасæн фæрæз хæлд цæуы æхсæнады домæнмæ гæсгæ.

СÆХИ ХАРДЗÆЙ

ДНЕПРОДЗЕРЖИНСК (Днепропетровскы облæст). Горæты ссæдз куыстуатæй фылдæр æхца дæттынц, ам цы бионты медицинæйы хæдзарадон хызæны фæлварæн поликлиникæ байгом, уымæн. Уый лæггад кæны уыцы куыстуæтты фæллойгæнджытæн æмæ сæ бионтæн. Дохтыртæ рыичынмæ зилынц бынтондæр æй сдзæбæх кæныны онг.

«КУС, ÆМÆ ДЫН УА!»

Афтæ зæгъы Алагиры районы колхоз «Ленинон»-ы арендатор Челæхсаты Виктор. Ахæм хъуыдымæ æрцыд, йæ фæллойæ йæ зæрдæ кæй рухс кæны, уый тыххæй. Ныр дыккаг аз кусы арендон подрядæй, хæссы фос. Фарон сарæзта йæ хæдзары фарсмæ скъæт. Колхозæй райста дæс æмæ дыууиссæдз хъыбылы æмæ сæ райдыдта хæссын йæ бинойнаг Мединæ æмæ йæ сабитимæ.

Рацыд авд мæйы æмæ хъыбылты уæзыл бафтыд фондз тоннæйы. Бадзырдмæ гæсгæ алы тоннæйы тыххæй дæр Виктор æмæ йæ бионтæ райстой мин сомы, æдæппæт та фондз мины.

Ныртæккæ дæр Челæхсаты бионтæ хæссынц хъыбылты ног къорд. Зилынц сæм зæрдиагæй, фаг сын ис холлæгтæ, æмæ дзы алкæцыйы уæзыл дæр суткæмæ бафты хæслæвæрдæй дыууæсæдæ граммы фылдæр. Паддзахадæн сæ ауæй кæндзысты, алы хуыйы уæз дæр 120 килограммæй куы фæфылдæр уа, уæд. Æнхъæлмæ гæсгæ сæсынц æхсæз мин сомы райсынмæ.

ПАРТИОН ЦАРД: СЦКП-йы РАЙКОМТЫ КОНФЕРЕНЦИТÆ

УÆ КАД, УÆ ИУДЗИНАД, КОММУНИСТТÆ!

Ацы зын æмæ вазыгджын уавæры уæлдай ахсджиаг у СЦКП-йы кад сног кæнын, йæ ленинон иудзинад ын фидар кæнын. Ахæм хъуыды уыдис партийы Ленины райкомы фыццаг секретарь Беккуызарты Виталийы доклады æмæ йæ фæдыл раныхæсты. Райком конференцимæ йæхи цы сæйраг нысанимæ цæттæ кодта, уый хорз æвдыстой президнумы сæрмагонд фыстытæ дæр: «Партийæн зиноны хуызæн уæвæгнал ис», «Парти фæдихтæ кæнынæн — нæгъ!»

Фæлæ куыд æмбарæм у иудзинад? Доклады загъд уыдис, зæгъгæ, идеологи æмæ политикæйы бындурыл фæхицæнтæ уæвынæй партии кæны фидардæр. Партион билет æрмæст дзыппы дарынæн нæу. СЦКП хъуамæ демократон мадзæлттæй ногæй æмæ ног хуызы æрцахса раздзоджы бынат. Афтæ бакæнæн та нæ æрмæстдæр адæмы хъæр æмбаргæйæ, дзыллæтимæ æнгом бастæй фидæны пълантæ аразгæйæ. Уымæн æмæ цыфæнды уынаффæйы хъысмæт дæр адæмы къухы ис.

Æндæр хуызы дзырдта партион иудзинады тыххæй конференцийы делегат, ЦИНИИ-йы хистæр наукон кусæг Цориты Тамерлан. Уый парти фæдис кæныны нымæ сидт растыл нæ банымадта. Нæ йæ фæнды, паддзахады (адæмы) хардзæй æмæ гæртæмты руаджы бухъцард чи кæны, уыцы адæймæгтимæ иу партийы уавыр. Æмæ ахæм хъуыдыйы фæдыл конференцийы раныхасгæнæг, партийы обкомы фыццаг секретарь Галазты Æхсарбег бегъ афтæ бафиппайдта: партийæ лидзын нæ хъæуы, партийы хъæуы мæйг коммунисттæй асыгъдæг кæнын.

Фарон СЦКП-йы рæнхъытæй ацыд 28 адæймаджы, районы коммунисттыл 0.4 процентæй къаддæр. Æфсæнттæ алыхуызон сты. Истæ æвгъау кæнынц уæнгон фиддонтæ, иннæтæ нал æууæндынц партийы фидæныл. чи та разы нæу йæ абоны политикæйæ. Хъыгагæн, сæ билеттæ дæттынц сыгъдæгзæрдæ, партийы хъæугæ адæймæгтæ дæр. Уый та уымæн, æвæццагæн, æмæ районы партион организацийы идеологон куыст ног уавæрты аккаг нæма у.

Раст зæгъгæйæ, дзуаппон доклад амæй размæйы дæсгай азты докладты хуызæн нæ уыд, куыстад æвдисæг æгæрон хус нымæцтæ æмæ процентты бынат æрцахстой идеологон куысты фарстатæ. Райком архайы куыстадæн командæйы фæрæзтæ куыстадыл политикæйы фæрцы ахадыныл. Уымæн хорз ахъаз сты политикон ахуырады ног хуызтæ — политикон дискусситæ, экспресс-информацитæ, клуб «Позиции», хъуыддаджы лæгты клуб, нумæйаг политикон бонтæ партион комитеты разамондзыты ныхас фæллойадон коллективты æмæ цæрæн бынæты. Хъуыддаг арвыст цæуы афтæ, цæмæй политикон зонындзинæдтæ райсынмæ адæм цæуой сæхæдæг. Уæд уый хорзыдæм æнæмæнг зыны куыстадыл дæр.

Æмæ нæд партион органæн. тæ хæдзарадон фарстатæ лыг кæныныл сæ къух исынц, хицаудзинад та Советтæм сындæг лæвæрд цæуы, уæддæр ивгъуыд аз районы куыстадыл бафтыд цалдæр проценты.

Махмæ нæма ис æндæр партитæ, загъта докладгæнæг, фæлæ СЦКП-йы мыйаг бирæ партиты уавæры кусын куы бахъæуа, уæд нæ коммунисттæ хъуамæ цæттæ уой партийы политикæ царды уадзынмæ. Уый тыххæй та алы райдиан организаци, алы коммунист дæр хъуамæ уа активон. Афтæ зæгъæн нæма ис нæ райкомæй. Йæ уæнгты цыппæрæм хайы бæрц нæ вæййынц пленумты æмбырдты.

Райком стыр æргом здахы нациты 'хсæн ахастдзинæдтæ нывылдæр кæныны фарстамæ. Дины бындурыл хицæн фанатикæ фæлварынц национ фыдæхдзинад цырæн кæныныл, фæлæ сæ бон нæу районы цæрæг 45 адæмыхатты политикон иудзинады къæм баппарын. Æвзаджы æмæ культурæйы фарстатæ лыггонд цæуынц афтæ, цæмæй алкæмæн дæр уа йæ национ хæзнатæ хъахъхъæнын æмæ фылдæр кæныны фадат. Сабиты рæвдауæндæттæй уал цалдæры ахуыр кæнынц ирон æвзаг. Гæнæнтæ ис æндæр æвзæгтæ ахуыр кæнынæн дæр. Уыимæ уырыссаг æвзаг нымад у нациты 'хсæн ныхасы фæрæзыл.

Партийы кад æмæ иудзинадыл сагъæстæ уыд хæсты æмæ фæллойы ветеран Д. Д. Кузнецовы, «Цæгирграждана рæстад»-ы бригадир А. И. Халины, хуыйæн иугонды кусæг Е. Д. Чернуцкайы, электротехникон заводы директор Таболты Георгийы æмæ иннæ делегатты раныхæсты дæр. Уыд ахæм фиппаинæгтæ, зæгъгæ, СЦКП-йы кад адæмы цæсты дæлæмæ хауы уымæн, æмæ хъæддыхæй нæ хъахъхъæны дзыллæты фылдæр хайы — кусджыты, экономисты, бирæ сабиджыны интерестæ. Уавæр ноджы февзæрдæр рацарæзты 'зты. Гæххæттыл фыстæй баззайынц бирæ партион ынаффæтæ, æххæстгонд нæ цæуы хойраджы программæ. Ныр парти адæмæн ныфсытæ æвæры базары экономикæмæ рахизынæй, фæлæ нын цы 'рхæсдзæн, уый не 'мбарынц адæм æмæ бирæ коммунисттæ дæр. Нæй тох давджыты, гæртамхорты, сæвудæджерты ныхмæ. Уый нæ, фæлæ ма сæхи хатынц ноджы хуызæдæр. Рацарæзт 5 азы дæргъы фæллойгæнджытæн хорзæй ницы æрхаста, загъта Е. Д. Чернуцкая.

Цыбырдзырдæй, ахæм уавæры райкомы стырдæр хæстæй ну у дзыллон-æмбарынадон куыст. Политикон разамынды æууæлтæм хизгæйæ, дзырдта Таболты Георгий, райкомы хъæуы идеологон куыст афтæ рацаразын, цæмæй фæллойгæнджытæ, коммунисттæ фидарæй æууæндой партийы нысантæ, пълантæ æмæ идеалтыл. Уый къухы æнцонæй нæ бафтдзæн, уæлдайдæр та рæзгæ фæлтæры кинотыстæ æмæ видеосалонтæ порнографийы, сексы æмæ тыхмийы дæнцæгтыл куы хъомыл кæной, уæд.

Фæсивæды хъомылады фæдыл уыд йæ ныхас музыкалон театры артисткæ Гæлуаты Азæйæн дæр. Адæм театрмæ нал цæуынц. Уый хъуамæ райкомы дæр сагъæсы бафтауа. Раст зæгъгæйæ, мах стыр бузныг зæгъæм райкомы секретарь Л. И. Вашуринайæн. Вæйы нæм. Зоны нæ риссæгтæ. Сæйрагдæр та — ныфс цæмæй бавæры, уый æнæмæнг сæххæст кæны. Ацы хъуыддаджы Лидия Иваны чызгмæ бирæ нæлгоймæгтæй лæджыхъæд фæлдæр ис.

Ахæм хъуамæ уа партион разамонæджы миниуæг. Адæймаг, фæзæгъынц, йæ ныхасæн хъуамæ хицау уа. Партион кусæг та — дыууæ хатты хицау. Парти йæ нысантæ, йæ уынаффæтæ царды куы уадза, уæд, кæй зæгъын æй хъæуы, йæ кад бæрзонд уыдзæн, йæ иудзинад та — фидар.

Рацарæзты, демократийы æмæ æргомдзинады уавæрты партийы райкомы куыст фæнывылдæр кæнынæн æнæмæнг фæахъаз уыдзысты медицинон институты парткомы секретарь Реуазты Сосланы, райæххæсткомы сæрдар Цуциты Аркадийы, нугонд музейты директор Дзеранты Тимуры, электрон приборты заводы директор Ю. М. Чербеты, республикæйы министр Хъантемыраты Георгийы æмæ иннæ делегатты раныхæстæ дæр.

Делегатты бирæ фарстытæн дзуаппытæ радта æмæ конференцийы раныхас кодта СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь Галазты Æхсарбег.

Конференцийы СЦКП-йы Ленины райкомы фыццаг секретарæй æвзæрст æрцыд Беккуызарты В. А., дыккаг секретарæй — Л. И. Вашурина, контролон-ревизион къамисы секретарæй — Дагойты З. М.

ХУЫГАТЫ В.

ФÆСТÆМÆ ЦÆУÆН НАЛ ИС

Мæнмæ гæсгæ, Рахизфарсы районы 42-æм партион конференци æнтыстджынæй алыг кодта йæ сæйрагдæр хæстæй дыууæ — афæдзæсыд йæ фæндагыл, йæ хъуыддæгтыл æмæ сæ хатдзæгтæ скодта. СЦКП-йы райкомы фыццаг секретарь Дзуццаты Сахаджерийы доклады лæмбынæг æвзæрст æрцыд районы царды æппæт къабæзты архайд. Доклады уыд критикæ æмæ хикритикæ. Фæлæ хъуагдзинæдты, рæдыдтыты ахсæгтæ арф иртæст не 'рцыдысты. Зæгъæм, Дзуццы-фырт загъта: «1989 азы мартъийы СЦКП-йы райкомы бюро бахыгъта колхозты æмæ совхозты архайды бæрæггæнæнтæ, сыбсан кодта афæдзы дæргъы æнтыстджын куыстæн мадзæлттæ. Гъе 'рмæст дæмæгъ организаторы куысты фыдæй æххæстгонд

ФÆСТÆМÆ ЦÆУÆН НАЛ ИС

Мæнмæ гæсгæ, Рахизфарсы районы 42-æм партион конференци æнтыстджынæй алыг кодта йæ сæйрагдæр хæстæй дыууæ — афæлгæсыд йæ фæндагыл, йæ хъуыддæгтыл æмæ сæ хатдзæгтæ скодта. СЦКП-йы райкомы фыццаг секретарь Дауцаты Саханджерийы *докклады лæмбынæг æвзæрст æрцыд районы царды æппæт къабæзты архайд. Доклады уыд критикæ æмæ хикрытикæ. Фæлæ хъуагдзинæдты, рæдыдтыты ахосæгтæ арф иртæст не 'рцыдысты.* Зæгъæм, Дзуцы-фырт загъта: «1989 азы мартъийы СЦКП-йы райкомы бюро бахыгъта колхозты æмæ совхозты архайды бæ рæггæнæнтæ, снысан кодта афæдзы дæргъы æнтыстджын куыстæн мадзæлттæ. Гъе 'рмæст læмæгъ организатор не 'рцыдысты...».

Афтæ быдырон куыстытæ дæр: «практикон æгъдауæй æххæстгонд не 'рцыдысты».

Цымæ кæм уыдысты организатортæ? Уыцы фарстæн дæр дзуапп радта докладгæнæг: «Партийы райком, райдиан партион организацитæ læмæгъ контроль æвæрдтой сæ уынаффæтæ æххæст кæныны хъуыддагыл». Уый аххосæй район нæ сæххæст кодта йæ программæ «Халсартæ», фæныллæгдæр сты промышленнон куыстады темытæ, цыппар куыстуаты нæ сæххæст кодтой продукци дзырдтæм гæсгæ æрвитыны химæрайст хæстæ. Вагæтты лæуды тыххæй рæзынц иварæ, капиталон арæзтад æрмæст ном хæссы — алыран дæр риссы. Уæдæ ма цæй мидæг уыд партион контроль, партион хъомыс, кæд æмæ сæйраг къабæзтæ рауагмæ æрцыдысты, уæд?

Ацы фарстæн дæр дзуапп ссардтам доклады. Уый у рæстæджы, ног домæнты аккаг: «Æрмæстдæр адæмы фæрцы, адæмы интерестæ хынцгæйæ хъуамæ ауда парти экономикæйы рæзтыл. Партийы райком амæй фæстæмæ хъуамæ уа политикон разамыныды оргæн. Иæ архайд аразинаг у хæдзарадон разамонджыты хæдбардзинад æмæ бæрнондзинад фылдæр кæнынмæ».

О, парти бавнæлдта адæмы политикон культурæ бæрзонддæр кæнынмæ. Советты бон нæма у экономикæйы рæзты уæззау уæз райсын. Адæм, куыстад астæуæй азладысты. Чи сын хъусы сæ чурдиæттæ, чи сæ æххæст кæны? Заманхъуйлæгтæ сæ хъуыры цъарыл рахæцыдысты: хъæуæн саразут абана. «Сæуæхсæд»-ы колхозонтæ фæрсынц: «Кæд уыдæон сывæллæтты цæхæрадон нæ хъæуы?» Политикон культурæйы ад куыд хъуамæ бамбарой, мæйы дæргъы талонмæ гæсгæ дæр нæлхæйы джиранка балхæнын кæй бон нæу, уыцы адæймæгтæ?

Дарддæр фæстæмæ цæуæн нал ис. Кæрæдзиуыл дурттæ æхсын та пайда нæу.

Зонджын ныхæстæ загътой конференцийы партийы ветерантæ Беккуысарты М. М. æмæ Уыртаты М. А. Тæдзынæгæй цыхцырæгмæ гæпп кæнын нæ хъæуы. Парти æдзухдæр уыдис нæ адæмы зæрдæйы цины æмæ тыхсты бонты дæр. Æмæ ныр йæ кад куы фæцудыдта, уæд нуæй-нутæ фæдис хъæр кæнын байдыдтой, иннæтæ фыддæрадæн цин кæныныц.

СЦКП-йы идейон цæджындзтæ фидар лæууынц. Уыдон сты Райгуырæн бæстæйыл æнувыддзинад, адæмæн læггад кæныны, адæмы хсæн кусын. Бирæпартион системæйы уаварты кусгæйæ дæр СЦКП йæ кæрон нæ сисдзæн ленинон принциптæй, уыдзæн раздог. Сæйрагдæр уыл у, цæмæй алы коммунист дæр йæ сæйрагдæр хæсыл нымайа хорз кусын, æнæхин уæвын.

Рахизфарсы районы коммунисттæ læмбынæг æрныхас кодтой СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы æмæ партийы Уставы проекттыл. Сæ уынаффæ у иу: «Хорзыл сæ банымадтам. Архайын хъæуы ууыл, цæмæй алы коммунист дæр фидарæй læууа СЦКП-йы ЦК-йы хаххыл, ныхкъуырд дæтта парти ныддихтæ кæныны фæлварæнтæн».

Рæдыд бæззы æрмæстдæр хатдзæгтæ кæнынæн. Дзуаппон доклад раст уыд фæлæ æфсарм æмæ зонд нæ агайдта, æргом ныхасмæ нæ сидт. Партион этикæ хæлд кæй цыд, уый тыххæй райкомы фыццаг секретарæн загъта конференцийы делегат Дауыраты Д. Х. æмæ партийы обкомы куырдта, цæмæй, разамонæг бынатмæ искæй нысан кæнгæйæ, ахуыр кæной æхсæнадон хъуыды. Уæд нæ хъæудзæн дзурын партийы над хъахъхъæнынц.

Доклады фæдыл ма раныхас кодтой колхоз «Ирыстон»-ы парткомы секретарь Къонийы-фырт, фæлварæнкуыстадон хæдзарад «Ольгинскæ»-йы шофыр Желудков, ФАПКЦ-йы райкомы фыццаг секретарь Сæбаныфырт, районы бастдзинады узелы электрослесыр Тарнакина, Беслæны нартхоры комбинаты генералон директор Бæтæджы-фырт æмæ æндæртæ.

Конференцийы куыстыархайдта Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы сæрдары хæдивæг Бирæгъты Ю. Г.

Альтернативон æвзæрстыты СЦКП-йы Рахизфарсы райкомы фыццаг секретарæй æвзæрст æрцыд Кæсæбиты Руслан Викторы фырт, уый агъоммæ куыста инæлар Плийы-фырты номыл колхозы сæрдарæй.

Конференци равзæрста делегаттæ облæстон партион конференцимæ æмæ снысан кодта СЦКП-йы XXVIII съезды делегаттæм кандидаттæ.

Л. КАРПЕНКО.

РАЦАРÆЗТ ДОМЫ

Æрыдоны районы партион конференцийы делегаттæ рагагъоммæ базонгæ сты райкомы дзуаппон докладимæ. Цалдæр боны раздæр сæм мыхуыргондæй лæвæрд æрцыд, алы делегатæн дæр фадат уыд доклады фæдыл раныхас кæнынмæ йæхи хорз бацæттæ кæнынæн.

Уымæ гæсгæ СЦКП-йы райкомы фыццаг секретарь Баскаты Станислав, конференци байгом кæныны фæстæ, фæсидти делегаттæм цæмæй уыдон бындурон æмæ хъуыддаджы нысасы сæргом кæной райкомы архайды хъуагдзинæдтæ, бацамоной сæ ануварс кæнынæн ахадгæ мадзæлттæ.

Районы партион организацийы ревизион къамисы дзуаппон доклад скодта йæ сæрдар Цогойты Чермен.

Доклады фæдыл раныхас кодтой дыууын ну делегатæ. Уыдон куыд амыдтой, афтæмæй, партийы, райком, политикон реформæйы бындурон фæндæгтæ æххæст кæнгæйæ, дзуаппон рæстæг йæ сæйраг æргом аздæхта партион царды демократизацимæ, административон куысты уаг фесафынмæ, æвзаргæ партион оргæнты ахадындзинад фылдæр кæнынмæ.

Райкомы архайды фæзынд фылдæр æргомдзинад. Фæлъаддæр рахаст уынаффæты нымæц. Пленумтæм æмæ бюройы æмбырдтæм цæттæ кæныны, пълантæ аразыны æмæ æхсæнадон царды ахаджиаг фарстатæ лыг кæныны хъуыддагыл. Уый аххосæй район нæ сæххæст кодта йæ программæ «Халсартæ», фæныллæгдæр сты промышленнон куыстады темытæ, цыппар куыстуаты нæ сæххæст кодтой продукци дзырдтæм гæсгæ æрвитыны химæрайст хæстæ. Вагæтты лæуды тыххæй рæзынц иварæ, капиталон арæзтад æрмæст ном хæссы — алыран дæр риссы. Уæдæ ма цæй мидæг уыд партион контроль, партион хъомыс, кæд æмæ сæйраг къабæзтæ рауагмæ æрцыдысты, уæд?

Ацы фарстæн дæр дзуапп ссардтам доклады. Уый у рæстæджы, ног домæнты аккаг: «Æрмæстдæр адæмы фæрцы, адæмы интерестæ хынцгæйæ хъуамæ ауда парти экономикæйы рæзтыл. Партийы райком амæй фæстæмæ хъуамæ уа политикон разамыныды оргæн. Иæ архайд аразинаг у хæдзарадон разамонджыты хæдбардзинад æмæ бæрнондзинад фылдæр кæнынмæ».

О, парти бавнæлдта адæмы политикон культурæ бæрзонддæр кæнынмæ. Советты бон нæма у экономикæйы рæзты уæззау уæз райсын. Адæм, куыстад астæуæй азладысты. Чи сын хъусы сæ чурдиæттæ, чи сæ æххæст кæны? Заманхъуйлæгтæ сæ хъуыры цъарыл рахæцыдысты: хъæуæн саразут абана. «Сæуæхсæд»-ы колхозонтæ фæрсынц: «Кæд уыдæон сывæллæтты цæхæрадон нæ хъæуы?» Политикон культурæйы ад куыд хъуамæ бамбарой, мæйы дæргъы талонмæ гæсгæ дæр нæлхæйы джиранка балхæнын кæй бон нæу, уыцы адæймæгтæ?

Дарддæр фæстæмæ цæуæн нал ис. Кæрæдзиуыл дурттæ æхсын та пайда нæу.

Зонджын ныхæстæ загътой конференцийы партийы ветерантæ Беккуысарты М. М. æмæ Уыртаты М. А. Тæдзынæгæй цыхцырæгмæ гæпп кæнын нæ хъæуы. Парти æдзухдæр уыдис нæ адæмы зæрдæйы цины æмæ тыхсты бонты дæр. Æмæ ныр йæ кад куы фæцудыдта, уæд нуæй-нутæ фæдис хъæр кæнын байдыдтой, иннæтæ фыддæрадæн цин кæныныц.

СЦКП-йы идейон цæджындзтæ фидар лæууынц. Уыдон сты Райгуырæн бæстæйыл æнувыддзинад, адæмæн læггад кæныны, адæмы хсæн кусын. Бирæпартион системæйы уаварты кусгæйæ дæр СЦКП йæ кæрон нæ сисдзæн ленинон принциптæй, уыдзæн раздог. Сæйрагдæр уыл у, цæмæй алы коммунист дæр йæ сæйрагдæр хæсыл нымайа хорз кусын, æнæхин уæвын.

Рахизфарсы районы коммунисттæ læмбынæг æрныхас кодтой СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы æмæ партийы Уставы проекттыл. Сæ уынаффæ у иу: «Хорзыл сæ банымадтам. Архайын хъæуы ууыл, цæмæй алы коммунист дæр фидарæй læууа СЦКП-йы ЦК-йы хаххыл, ныхкъуырд дæтта парти ныддихтæ кæныны фæлварæнтæн».

Рæдыд бæззы æрмæстдæр хатдзæгтæ кæнынæн. Дзуаппон доклад раст уыд фæлæ æфсарм æмæ зонд нæ агайдта, æргом ныхасмæ нæ сидт. Партион этикæ хæлд кæй цыд, уый тыххæй райкомы фыццаг секретарæн загъта конференцийы делегат Дауыраты Д. Х. æмæ партийы обкомы куырдта, цæмæй, разамонæг бынатмæ искæй нысан кæнгæйæ, ахуыр кæной æхсæнадон хъуыды. Уæд нæ хъæудзæн дзурын партийы над хъахъхъæнынц.

Доклады фæдыл ма раныхас кодтой колхоз «Ирыстон»-ы парткомы секретарь Къонийы-фырт, фæлварæнкуыстадон хæдзарад «Ольгинскæ»-йы шофыр Желудков, ФАПКЦ-йы райкомы фыццаг секретарь Сæбаныфырт, районы бастдзинады узелы электрослесыр Тарнакина, Беслæны нартхоры комбинаты генералон директор Бæтæджы-фырт æмæ æндæртæ.

Конференцийы куыстыархайдта Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы сæрдары хæдивæг Бирæгъты Ю. Г.

Альтернативон æвзæрстыты СЦКП-йы Рахизфарсы райкомы фыццаг секретарæй æвзæрст æрцыд Кæсæбиты Руслан Викторы фырт, уый агъоммæ куыста инæлар Плийы-фырты номыл колхозы сæрдарæй.

Конференци равзæрста делегаттæ облæстон партион конференцимæ æмæ снысан кодта СЦКП-йы XXVIII съезды делегаттæм кандидаттæ.

Л. КАРПЕНКО.

Ærыдоны фыццæгæм скъолайы партион организацийы секретарь Хъайырты Майæ, Ленины номыл колхозы экономист Людмилæ Лобойко, консервгæнæн заводы партбюройы секретарь Александр Меркулов, Мичурины номыл колхозы парткомы секретарь Алексей Карпач æмæ æндæртæ куыд бацамыдтой, афтæмæй идеологон куыстæн аргъ кæнын хъæуы йæ ахадындзинадмæ, дзыллæты зондахаст ивыныл цас зыны, уымæ гæсгæ. Æмæ басæттын хъæуы, дзуаппон рæстæг райкомы дзыллонполитикон куысты иумæйагæй цæхгæр ивддзинæдтæ кæй не 'рцыд, уыл.

Идеологон активы сæйраг æргом аздахын хъæуы, ныртæккæйы уавæр хынцгæйæ, фыццаджыдæр, фæсивæды 'хсæн идейон-политикон æмæ удыхъæды хъомыладон фарстатæм. Раныхасгæнджыты совхоз «Ærыдон»-ы фермæйы бригадир, паддзахадон премийы лауреат Реуазты Светланæ, фирмæ «Дедал»-ы ахорæг Тамарæ Коваленко, цалдæргæнæн-механикон заводы экономист Æхполæгты Александр, адæмон læггæдты куыстадон иугонды хицау Семен Мирзаханян райæххæсткомы сæрдар Дзугаты Олег, 15-æм профтехучилищейы директоры хæдивæг Гаситы Изабеллæ, совхоз «Красногор»-ы парткомы секретарь Цомайты Алик æмæ иннæтæ критикæ кодтой райкомы, бюройы æнцæтвæрсыг кусты хъæндзинæдтæ, бацамыдтой сæ ануварс кæныны ахадгæ мадзæлттæ.

Конференцийы раныхас кодта СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь **Галазты Æ. Х.**

Конференцийы архайджытæ равзæрстой райкомы уæнгты. Фыццаг секретарæй æвзæрст æрцыд Баскаты Станислав. Æвзæрст æрцыд районы партион организацийы контролгæнæгревизион къамис. Йæ сæрдарæй равзæрстой Владимир Клапцовы. Раздæр кусыста СЦКП-йы райкомы дыккаг секретарæй. Æвзæрст æрцыдысты Цæгат Ирыстоны XXXIII облæстон партион конференцимæ делегаттæ. СЦКП-йы XXVIII съезды делегаттæм кандидатæй нузæрдионæй снысан кодтой СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы секретарь Галазты Æ. Х.

Уыдис ног равзæрст райкомы фыццаг пленум. Æвзæрст æрцыдысты бюройы уæнгтæ. Хосроты Владимиры равзæрстой СЦКП-йы райкомы секретарæй. Пленум сфидар кодта райкомы хайæдты сæргълæуджыты, районы газет «Коммунизммæ фæндаджы» редакторы.

ЦЪЕБОЙТЫ С.

Джыккайты Фелюкс Левторы фырт
Джиоты Луизæ Георгийы чыз
Дзæгъæты Мавлат-Гирей Османы фырт
Дзыгасты Заремæ Георгийы чыз
Дзукъаты Залинæ Куыдзæджы чыз
Диамбегты Фатимæ Саламоны чыз
Докучаева Нелли Василийы чыз
Докучаева Раисæ Николайы чыз
Дорогуш Наталья Дмитрийы чыз
Дреты Ритæ Мухадзиры чыз
Дудиаты Хазби Солтамбеджы фырт
Елбачиты Фатимæ Шаликъойы чыз
Ермаков Иван Яковы фырт
Есенаты Ларисæ Ахтемыры чыз
Заруднева Екатеринæ Игнаты чыз
Зеленошвили Лидия Петры чыз
Зражевская Наталья Василийы чыз
Зураты Виктор Слаферы фырт
Иванченко Надеждæ Владимиры чыз
Илиев Махмудхан Мавлийы фырт
Иржаковская Евдокия Сергейы чыз
Къæбулты Тамарæ Владимиры чыз
Хъæгъæрмазты Аслæмбег Дрисы фырт
Кашканов Игорь Георгийы фырт
Каракулин Николай Иваны фырт
Хъæрджыты Еленæ Михаилы чыз
Кæсæбиты Сергей Хъанцауы фырт
Хæдарцаты Элеонорæ Мæирбеджы чыз
Хæллаты Полинæ Бубулы чыз
Хестанты Азæ Уаиойы чыз
Харитиди Владимир Юрийы фырт
Хетæгкаты Тамарæ Хъазыбеджы чыз
Ходы Наталья Николайы чыз
Ходы Заремæ Бригайы чыз
Хоруйты Риммæ Юрийы чыз
Хрусталева Тамарæ Степаны чыз
Хуадонты Тамарæ Барисы чыз
Хуыгаты Владимир Леуаны фырт
Хуырымты Елизаветæ Алыксандры чыз
Хуырымты Тамарæ Барисы чыз
Цакъоты Владимир Сергейы фырт
Цæллагты Константин Хъазыбеджы фырт
Цæрукъаты Владимир Ибрагимы фырт
Цъæхойты Зинæидæ Николаевны чыз
Цыбырты Михаил Харитоны фырт
Цырыхаты Валентинæ Юрийы чыз
Цогойты Ритæ Солтаны чыз
Цомартаты Виктор Ахметы фырт
Чекушева Полинæ Иваны чыз
Челдыты Хадзымурат Иваны фырт
Ченкалиди Надеждæ Спиридоны чыз
Черкасты Репсимæ Зурабы чыз
Чихтисты Беллæ Сергейы чыз
Шевченко Аннæ Алексейы чыз
Шестакова Лидия Барисы чыз

«РÆСТДЗИНАД»-Ы УАЦХЪУЫДТЫ ФÆДЫЛ.

«ТÆВД ДОН ИС, ФÆЛÆ...»

(«Рæстдзинад», 1990 азы 11 январь). Нæ газеткæсæг Дануаты Дж. йæ уацхъуыды хъаст кодта, горæт Орджоникидзейы Кутузовы уынджы 80-æм номыры цы æртæ фондзуæладзыгон хæдзары нс, уыдоны цæрджытæ цалдæр зымæджы уазал фатерты кæй арвыстой, нæ сæм фаг кодта хъарм дон. Уацхъуыды фæдыл цы мадзæлттæ арæзт æрцыд, уый тыххæй нæм Орджоникидзейы тæвдгæнæнты куыстуаты сæйраг инженер Джиоты В. фыссы афтæ:

«Ацы аз январы Кутузовы уынджы 80-æм номыры хæдзæрттыныгæй-ну фатерты фаг хъарм нæ уыд. Ахосаг уый мидæг уыд, æмæ хæдзæрттыцæрджытæй чидæртæ сæ фатерты тæвдгæнæн батарейтæ кæй фехæлдтой æмæ сæ сæхимæ гæсгæ æндæр хуызы кæй рацарæзтой. Кооперативты иугонд «Алан» хъæндзинад равзарыны фæстæ сарæзта мадзæлттæ тæвдгæнæн куыстуатимæ æмæ куыд фæстæмæ йæ гаччы сбадтис хæдзæрттæм тæвд дон дæттыны хъуыддаг».

«ФÆДИС, ЦÆХÆРЦÆСТ!»

(«Рæстдзинад», 1990 аз 11 январь). Ныхас дзы цыд горæт Орджоникидзейы инæлар Дзусаты Ибрагимы номыл уынджы 3/2 хæдзары пъадвалы æдзæллагдзинадыл. Хæтæлтæй хъары дон æмæ пъадвал зымæгæй-сæрдæй дзаг у донæй. Писмо сбæрæг кæныны æмæ йæ фæдыл мадзæлттæ саразыны тыххæй арвыстам Орджоникидзейы донуадзæн-каналзацион хæдзарады куыстадон управленийы хицау æмб. Бады-фыртмæ. Уый нæм æрбарвыста ахæм дзуапп:

«Тыхджын къæвдаты рæстæг канализацийы дзыхъхъытæ байдзаг вæййынц донæй æмæ пъадвалтæм дæр скъуыд хæтæлтæй рахъары дон. Афтæ рауад инæлар Дзусаты Ибрагимы номыл уынджы 3/2 хæдзары пъадвалы хъуыддаг дæр. Газеты критикæйы фæстæ уæлдæр амынд хæдзары пъадвал 20—25 мартъийы, стæй 2 апрелы нæ кусджытæ бабæрæг кодтой æмæ йын йæ дон рацъырдтой. Ацы хæдзар нæ управленийы нс контролы æвæрд. Къæвдаты рæстæг куыддæр пъадвалмæ дон бахъара, æмæ нæм йæ цæрджытæ уый тыххæй фехъусын кæной, афтæ æвæстиатæй дон цъырд æрцæудзæн».

«СÆФЫНЦ ÆРВИТÆГГÆГТÆ»

(«Рæстдзинад» 1990 азы 22 февраль). Ацы писмойы автор та уыд æхсæнадон уацхæссæг Гаситы А. Уый фыста, зæгъгæ, арæх бастдзинады æрвитæггæгтæй фесæфы дзаумæттæ. Посылкæтæ Беслæны æфсæнхæндаджы станцæйы вæййынц æвæгæсæг, къæвдатæм, гом арвы бын. Писмойы уыцы æмæ иннæ хъæндзинæдтæ ануварс кæныныл цы мадзæлттæ арæзт цæуы, уый тыххæй Орджоникидзейы почтамты хицауы хæдивæг æмб. Корниенко редакцимæ хъусын кæны:

Æцæгдзинадæй посылкæтæ æрвитыны хъуыддаджы вæййы къуылымпыдзинæдтæ. Нæ республикæйы пост нууылдæр æвзарæм почтамты, ардыгæй та йæ æрвитæм Беслæнмæ вагæттæм. Беслæны перроныл посылкæты радгæс Т. Габакова фæллойадон æгъдау кæй фехæлдта, стæй пост æвæргæйæ поездтæ кæй фæстиат кодтой, уый тыххæй йын почтамты хицауы бардзырдмæ гæсгæ, йæ номыр 26, лæвæрд æрцыд карз æфхæрд».

УАЛДЗÆГ БЫДЫРЫ

Сунжæйы колхоз «Хæлардзинад»-ы сæйраг агроном Козаты Исидоры байгæфтон рапсы хуымы кæрон.

— Дыккаг бон кæрдæм нæ рапсы хуымтæ, — загъта сæйраг агроном, — тыллæг сæ хорз æвзæры, гектарæй æфснайæм 200 центнеры. Стæй ма йæ ныхасмæ бафтыдта: — Ацы зæххыты нартхор таудзыстæм силосæн.

Цалынмæ Козайы-фыртмæ ныхасæстæ кодтам, уæдмæ æрбаластой хъацæнтæ. Уайтагъд дзы агрегат айдзаг кодтой æмæ йæ райдыдтой пырх кæныны. Уалынмæ трактор дæр райдыдта хуым кæныны. Чысыл фалдæр цъæх-цъæхид дардтой, хорз хъæдур сысджыммæ кæм байтыдтой, уыцы хуымтæ.

— Æртæ къуырийы размæ сæ байтыдтам, фæлæ ныр нæ æгæн кæрдынмæ бæззынц, — загъта Исидор. Стæй йæ дзыппæй блокнот систа æмæ мын афтæ: — Ацы аз хорз афонты ныссагътам нæ картоф. Ныртæккæ нæ сæйрагдæр тыхтæ сарæзтам нартхор байтауынмæ. Раст зæгъын хъæуы, рæстæг рапь-банк кæны, фæлæ уæддæр архайæм, алы сахатæй дæр хæдзардзинæй спайда кæныныл.

Мæнæ Къæбысты Вячеславы арендон бригады зæххытæ. Хорз сæ сфæлмæн кодтой механизатортæ æмæ сæм ныр тауыны куыстытæ цæуынц æнæкъуылымпыйæ. Æдæппæт сæ нартхор байтауын хъæуы 900 гектары. Цыбыр æмгъуыдмæ уал байтыдтой 500 гектарæй фылдæр. Фыццаг бонтæй фæстæмæ сæ хæслæвæрдтæ бирæ фылдæртæй ахицæн кæнынц механизатортæ Джиоты Ростъом, Таймазты Владимир æмæ Æлборты Андрей.

БИРÆГЪТЫ А.

АБОН — МЫХУЫРЫ БОН

РАЙКОМ ÆМÆ ЙÆ ГАЗЕТ

Райком æмæ йæ газет... Иуæй-ну рæтты, стæй махмæ дæр, æртæ-цыппар азы размæ нæ ахастдзинæдтæ уыдысты хицау æмæ йæ фæсдзæуины хуызæн. СЦКП-йы Кировы райкомы секретартæй æмæ хайæдты сæргълæуджытæй алчидæр йæхицæй газетæн хицау арæзта, суанг ма-ну инструктор дæр йæхи редакторæн зондамонæг скодта. Сæхæдæг та газетмæ уацхъуыдтæ фыссынмæ зивæг кодтой. Уый тыххæй æз радзырдтон партийы райкомы пленумы иу хатт, дыккаг хатт адæмон депутатты райсоветы сессийы. Уыдис дзы ахæмтæ, чи мæм фæхæрам. Фæлæ партийы райкомы фыццаг секретарь Каджаты Таймураз æмæ райæххæсткомы сæрдар Дзгойты Константин сæ цæстæнгас бæлвырд аивтой. Дыууæйæ дæр æрбацыдысты редакцимæ, фæныхас кодтой журналистимæ, типографийы кусджытимæ. Радзырдтой, районы партион организацийы размæ цы хæстæ лæууы, уыдоны тыххæй. Загътой нын сæ фиппаинæгтæ дæр, социалон-экономикон фарстатæм фылдæр æргом здахын кæй хъæуы, уый тыххæй. Дзуаппытæ радтой нæ бирæ æндæр фарстатæн.

Редакцийы кусджытимæ арæхдæр æмбæлынц æмæ сын сæ фарстатæн дзуапп раттынц райкомы секретарь Зураты Рая, райæххæсткомы сæрдары хæдивæг Быгъуылты Гаврил, районы прокурор Созанаты Юрий, тæрхондоны сæрдар Хъараты Аллæ, мидхъуыддæгты хайады хицау Козаты Георги, районы иннæ бæрнон кусджытæ. Ахæм фембæлдытæ сæ алкæмæ дæр вæййы афæдз дыууæ-æртæ хатты. Уый нæ, фæлæ ма партийы райкомы секретарь Зураты Рая æмæ идеологон хайады хицау Хъæбæлоты Вячеславы æххуысæй редакцийы кусджытæ сæмбæлдысты колхоз «Кавказ»-ы æхсыры комплексы фосдарджытимæ, Ленины номыл колхозы коммунист Таймазты Вячеславы арендон бригады уæнгтимæ, совхоз «Кæрдзинаджы» механизатортимæ. Ахæм фембæлдытæ нын вæййы районы иннæ хæдзарæдты æмæ кусты уæтты фæллойгæнджытимæ дæр.

Январы мах æрæмбырд кодтам партион организацийы секретартæй цалдæры. Раныхас дзы кодтой совхоз «Кæрдзинаджы» партбюройы секретарь Богазты Арсæмæг, колхоз «Кавказ»-ы мехъорды партион къорды секретарь Милдзыхты Париж, Змейкæйы 2-æм астæккаг скъолайы ахуыргæнæг Михаил Малышев æмæ ма цалдæр адæймаджы. Фембæлд амыдтой Зураты Рая æмæ æз мæхæдæг.

Районы хæдзарæдты æппæты фыццаг хуымæххытæ, трактортæ, хъæууон-хæдзарадон техникæ арендты райстой коммунист Таймазты Вячеславы бригады механизатортæ. Фыццаг бонтæй фæстæмæ ацы бригады кусытæ редакци йе 'ргом аздæхта, уæлдайдæр та партион хайады æмæ хъæуон хæдзарады хайады разамонджытæ Гæдзауты Замирæ æмæ Гуырцъыты Екатеринæ. Уыдон канд ацы бригады æнтыстдзинæдтæ æмæ хъуагдзинæдты тыххæй нæ фыссынц, фæлæ сын иннæ бригæдты, фермæты сæ фæлтæрддзинадæй кæй нæ пайда кæнынц, уый тыххæй. Арендон кусытмæ бабæллыдысты Чертхъоты Хетæджы бинонтæ. Уыдон зилынц хуытæм. Фæлæ иннæ бригæдтæй ничи тагъд кæны. Колхозы правлени æмæ партком дæр ницы ахæм дымдзинад æвдыстой. Уæд партийы райком байхъуыста, Ленины номыл колхозы парткомы разамынд арендон куыст рапарахат кæныны хъуыддаджы цы хъæппæрис æвдисы, уый тыххæй фарстамæ. Уынаффæ нымыхуыр кодтам нæ газеты æмæ, куыд æххæстгонд цыдуыл контроль сæвæрдтам.

Æппæт ацы хъуыддæгты редакцийы кусджытæ æрмæст сæхи хъарутæй уый бæрц ницы сарæзтаиккой. Фæлæ махæн хорз æххуыс кæнынц хъæууон æмæ кусæг уацхæсджытæ, партион кусджытæ. Газет «Размæ»-йы фæрстыл арæх фенæн ис совхоз «Кæрдзинаджы» партбюройы секретарь Богазты Арсæмæджы, СЦКП-йы Кировы райкомы организацион хайады хицауы хæдивæг Валерий Майсурадзейы, партийы райкомы цур партион къамисы сæрдар Джиоты Джульетæйы, Ленины номыл колхозы сæйраг экономист Танделаты Сосланы, Даргъ-Къохы хъæуы сылгоймæгты советы сæрдар Гусалты Замирæты, Елхоты консервгæнæн заводы сæйраг экономист Мысыкаты Елкæ æмæ бирæ æндæрты уацхъуыдтæ.

Ноджы ма иу фарста: алчидæр зоны, партион æмæ советон оргæнты кусджыты мызд бæлвырд кæй фæфылдæр, уый. Бахæлæг сæм кодтой республикæйы рауагъдæдты Паддзахадон комитеты кусджытæ дæр. Уым ницы аипп ис. Фæлæ сæ мызд фæфылдæр кæнынæн аккаг мадзæлттæ саразыны бæсты бавдæлдысты, æмæ райониы газетты редакциты премиалон фондтæ æмбис къаддæр фæкодтой. Раздæр редакцитæ æмæ типографитæ бензин истой сæ районы нефтебазæты. Ныр бензины, маслæйы талонтæ æппæт районтæн дæр йæхимæ райсы æмæ сæ мæйгай уары комитеты бухгалтери. Алы мæй дæр Елхотæй, Æрæфæй, Дигорайæ, иннæ райониæй горæт Орджоникидземæ 150—200 литры тыххæй автомашинæ тæрын бахъæуы.

Мах, редакцийы кусджытæ, зонæм нæ хъуагдзинæдтæ, нæ размæвæрд хæстæ æмæ архайæм рæстæджы домæнты аккаг кусыныл.

ХАНЫХЪУАТЫ Савелий,
газет «Размæ»-йы редактор.

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы рауагъдады типографийы коллективæй газет «Рæстдзинад»-æн зæрдиаг æххуыс чи кæны, уыцы кусджытæй сты æрыгон чызджытæ — линотипон машинæйыл мыхуыргæнæг Багаты Нонкæ æмæ метранпаж Жанкæ Хлыпина. Уыдон сты коммунистон фæллойы хъазуатонтæ, дæсны полиграфисттæ.

КЪАМТЫ: БАГАТЫ Нонкæ линотипон машинæйыл «Рæстдзинад»-ы радон номыræн æмбырд кæны æрмæг: мыхуыргонд æрмæгæй метранпаж Жанна ХЛЫПИНА аразы газеты фарс.

Къамтæ систа

КЪÆБЫСТЫ Харитон.

«РÆСТДЗИНАД» НЫН ФЕХХУЫС

Мах, ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ, бирæ уарзæм газет «Рæстдзинад». Алы номырыл дæр сæмбæлæм стыр цинимæ. Хъомыладон куысты алы газет дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, стыр æххуыс у, фæлæ уæддæр фæстаг рæстæг уæлдай бузныг стæм газет «Рæстдзинад»-æй.

Адæймаг йе 'гъдау, йе 'фсармæй адæймаг у, зæгъгæ арæх æмбарын кæнæм сывæллæттæн! Хъомыладон куыст та сæйрагдæр бынат ахсы скъолайы. Ирон æгъдæуттыл дзургæйæ, фæхъæуы æрмæг, уæлдайдæр та хистæр кълæсты. Хъæугæ æрмæг та мах арæх сисæм газет «Рæстдзинад»-æй.

Зæгъæм, мæнæн хъомыладон куысты стыр æххуыс фесты мыхуыргонд уацхъуыдтæ: «Ирон фынджы æгъдæуттæ», «Иронау базыдтон мæхæдæг», «Кæмдæр ирон лæппутæ рæзы», «Фыдæлты къонайы рухс». Ацы уацхъуыдты æххуысæй хъомылгæнинæгтæн бацамонæн ис, куыд кæнгæ сты ирон фынджы хойрæттæ, бæгæны, уæхст, кусарт (бирæ æрыгæттæ нæ зонынц кусарт акæнын). Уæдæ ирон хъазты æгъдæуттæ дæр рохуаты раджы баззадысты. Ныр фадат фæци ирон æвзаджы алы ахуыргæнæгæн дæр парахатæй бацамонын ирон хъазты æгъдæуттæ фæсивæдæн. Ноджы дарддæр ахъаз фæци дзырдуатон куыстæн.

Скъолайы куысты стыр æргом здæхт цæуы патриотон хъомыладмæ. Уымæн нын фаг æрмæг дæттынц «Рæстдзинад»-ы «Хъомыл кæнæм патриоттæ», зæгъгæ, уыцы рубрикæйы бын æрмæджытæ, Арæх сывæллæттæ сæхæдæг урокмæ æрбахæссынц уыцы номыртæ. Хистæр кълæсты цы лæппутæ ахуыр кæны, уыдонæн уæлдай цымыдисагдæр вæййы, æфсады цы лæппутæ службæ кæнынц, уыдоны тыххæй фыст уацхъуыдтæ.

Æнæ зæгъгæ нæй «Рæстдзинад» бинонты тыххæй цы уацхъуыдтæ нымыхуыр кодта, уыдоны ахадындзинады фæдыл дæр. Зæгъæм, «Нæй мæ чындзы хуызæн», «Афтæ æмбæлы файнустытæн», «Ирон сиахс», «Дыккаг мад» æмæ бирæ æндæр уацхъуыдтæ. Се 'ххуысы хай дæттынц хистæр кълæсты хъомыладон куысты, кæцыты мах цæттæ кæнæм царды фыццаг хибар къахдзæфтæ акæнынмæ.

Кæд бирæ рæстæг рохуаты баззадысты Нарты каджытæ, уæд газет «Рæстдзинад» йе 'ргом аздæхта уыдонмæ дæр. Зæгъæм, газетты мыхуыргонд æрцыд «Сырдоны амынд Нарты ныхасы». Цымыдисæй хъуыстой сывæллæттæ Сырдоны алы амындмæ дæр. Бирæ æвзæр миниуджытæ ранымадта Сырдон. Уыдонæн хъуамæ адæймаджы удыхъæды бынат ма уа. Æмæ æцæгдæр, ахæм æвзæр миниуджытæ кæмæ ис царды, уыдон скъоладзаутæ дæр Сырдонау банымадтой удыгас мæрдтыл æмæ рахастой тæрхон — саразæм стыр тох сæ ныхмæ. Уыд ахæм рæстæг, æмæ скъоладзаутæ фарстой хистæртæй фехъусгæ «Дæ тын дæ къух ссардта». Нал фæрсдзысты ныр цымыдисæй, дисгæнгæ. Уый дæр та «Рæстдзинад» нымыхуыр кодта.

Нал нымайдзынæн, газет хъомыладон куыстæн цы стыр хæрзты бацыд, уыдон. Фæлæ ма мæ зæгъын фæнды фиппаинæгтæ дæр. Зæгъæм, скъолаты куысты тыххæй хæрз чысыл æрмæг вæййы газетты, нымадæй иу цалдæр. Хорз уаид, газет «Рæстдзинад» йе 'ргом тынгдæр куы аздахид скъолайы куыстмæ, Уæлдайдæр та гом уроктæм, скъолайы царды хъуыддæгтæм. Иттæг хорз уаид æмæ арæхдæр æрмæг куы кæсиккой æрыгон ахуыргæнджытæ фæлтæрдджын ахуыргæнджыты фæлтæрддзинадыл. Læмбынæгдæр æркæсын хъæуы растфыссынадмæ. Хъыгагæн, арæх газеты иу рæнхъæй иннæмæ дзырды уæнг хæсгæйæ, дæргъ вæтин æмхъæлæсонтæ аззайынц иуырдыгæй, иуæй-ну хатт цухгонд æрцæуы дзырды кæцыдæр дамгъæ æмæ æндæр орфографион рæдыдтытæ. Уыдон хъомылгæнинæгтæ дæр бафиппайынц æмæ сын вæййы хъыг.

КЦОЙТЫ Риммæ,
Уæллаг Фыййагдоны скъолайы ахуыргæнæг.

МАХ ЗАМАНЫ АФТÆ НÆ ФЫСТОЙ

АРВИСТОН УÆЛАРВОН УАЗДЖЫТÆ ФРАНЦЫ СÆРМÆ

ПАРИЖ. Кæй нæма базындæуыд, уыцы тæхæг цыдæрты, стæй, куыд нымадæуы, афтæ нæ Зæхмæ æндæр планетæтæй чи 'ртахт, уыдоны тыххæй Франц цыдæриддæр зонынц, уыдæттæн нырттыккæ ссарæн нс, уыцы æнахуыр фæзыдтытæ нтасæг Дени Брессы хъæппæрисæй сарæзт сæрмагонд банчы.

Уыцы информацион банчы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, Франц сæрмæ ахæм тæхæг цыдæртæ тæккæ фылдæр фæзынд 1954 азы. Ардæм æндæр планетæтæй арæхдæр æртæхынц августы æмæ октябры, хуыздæр сæм кæсы нзæрыгæтты фæзынын.

Сæ ныхæстæм гæсгæ, æндæр планетæтæй æртæхдзыстимæ чи фембæлд, уыдоны 60 проценты семæ фембæлдысты лæгæй-лæгмæ. Уынмæ æртæхдзыстæм хуыздæр кæсы нæлгоймæгтимæ ныхас кæнын (дæс æвдисæнæй авдсты нæлгоймæгтæ, сæ рæстæмбис кар 38 азы).

РАЗДÆХА МА?..

ЯУНДЕ. Бирæ камерунæгты нæ бауырныдта, «Медузæ» кæй хуыдтой, бæстæйы уыцы зындгонд кæлæнгæнæг Жозеф Батумейы амарды тыххæй газетты хъусынгæ нинæгтæ. Ау, уый та куыд, дзырдтой адæм редакцитæм, калмы хæстæй, фæндæгты фыдбылызтæй, нæмгуытæй, цыргъгарз æмæ æндæр фыдбылызтæй хызт чи уыдис, уый амæла! «Медузæ» уый иу æмæ дыууæ хатты нæ равдыста. Зæгъæм, фæсарæнты иу хатт, чи йæм каст, уыдонæн бамбарын кæнгæйæ, «амард», дохтыртæ сбæрæг кодтой клиникон мæлæт, фæлæ та фæстæмæ райгас.

Тæфæрфæсы фæстæ камерунæгтæ æнхъæлмæ кæсынц Батумейы райгасмæ: уыйбæрзæмæ фехъусын кодта, кæй цæттæ кæны, чи никуыма уыд, ахæм диссаг æмæ йæ уый тыххæй рæстæгмæ ныууадзын кæй хъæуы, ацы дуне.

ÆХСЫЗГОН «ЗНАГ»

НЬЮ-ЙОРК. Кæд уæ уæ сабиты æнæниздзинад фæнды, уæд сын фæкъаддæр кæнут, телевизормæ цы

КЪАМТЫ: БАГАТЫ Нонпæ линотипон машинæйыл «Рæстдзинад»-ы радон номыр æмбырд кæны æрмæг: мыхуыргонд æрмæгæй метраппаж Жанна ХЛЫПИНА аразы газеты фарс.

Къамтæ систа

КЪÆБЫСТЫ Харитон.

ЦЫРГЪ НЫХАСЫ ДÆСНЫ

Ходы Дзаххот уыдис ирон журналистикæйы фыццаг профессионалон журналист. Абон æгас нал у. Иæ цард æмæ иæ йе 'сфæлдыстадимæ зонгæ кæны йæ фырт Тамерлан (цæры Мæскуыйы). Мыхуыр ын кæнæм дæлдæр йе 'рмæг.

Ходы Джиоры фырт Дзаххот райгуырд 1913 азы. Зæронд Бæтæхъойыхъæуы. Хъæууон скъола дæр каст уым фæцис. 1935 азы та — рабфак. Стæй ахуыр кодта Ленинграды.

1937 азы йæм фæсидтысты Сырх Æфсадмæ. 1939 азы каст фæци Тбилисы Æфсæддон-политикон училище. Ссис афицер.

Хæсты райдайæны фыццаг мæйты немыцы ныхмæ карз хæстыты архайгæйæ, 1941 азы 21 сентябры Дзаххот æнæнхъæлæджы бахауд уацары. Фæцис дзы дыууæ мæйы бæрц. Фæлæ фашистон лагерæй ралыгъд цалдæр сырхæфсæддонимæ. Фехуыс сын кодта ну уырыссаг зæхкусæг Епифан Стрельцов. Фæстæмæ йæ полкъ ссардта. Хæцыд 3-æм Украинаг фронты, 10-æм хицæн хæцæг батальоны.

Хæсты заман дæр Дзаххот фыста фельетонтæ, æмдзæвгæтæ. Фæлæ йын уыцы хæсты тымыгъы фесæфтысты.

Сæрмагондæй мæ зæгъын фæнды йæ ну кадæджы тыххæй. Хуынд «Терчы кадæг». Фыссын æй райдыдта 1934 азы, студент уæвгæйæ, æмæ дзы хицæн скъуыддзæгтæ бакаст Цæгат Ирыстоны науконтасæн институты æрыгон фыссæджыты диспуты. Уым уыдис Нигер дæр. Тынг зæрдиагæй йæм фæхъуыста, стæй каст куы фæци, уæд æй бафарста:

— Дзаххот, цал мæйы фæкуыстай, кæй бакастæ, ууыл?

Дзаххот бахудт æмæ дзуапп радта:

— Ныффыстон æй æртæ æхсæвмæ, студенттæ-иу æмдзæвæны куы бафынæй сты, уæд...

Уым ма уыдысты Берозты Аслæнбег, Хъазыбегты Хъазыбег, Плиты Елдзаур æмæ Хъазиты Бæтæхъо.

Нигер æмæ йын иннæтæ цæстуарзонæй бацамыдтой уацмысы хъæндзинæдтæ æмæ йыл дарддæр куыста.

Уыдис ма йæм, Хозиты Яковимæ нумæ кæй ныффыстой, ахæм пъесæйы къопи дæр. Фæлæ йын уый дæр фесæфт хæсты быдыры.

Раст зæгъгæйæ, æз фæстæдæр ссардтон йæ архивы «Терчы кадæг»-æй скъуыддзæгтæ. Мæ зæрды сæ ис нæ литературон кусджытæн фенын кæнын.

Газеткæсджытæн мæ фылдæр радзурын фæнды Дзаххоты хæстон хабæртты тыххæй. Карз хæстытæ цыд Молдавийы, зæххыл. 1944 азы 20 августы райсомæй райдыдта Яссæ-Кишиневы операци. Уым архайдта Дзаххот дæр. Дыккаг бон уыдысты Кишиневы цур. Ахызтысты Румын, Болгарийы сæрты, уæгъд кодтой Югославийы адæмты фашизмы дзæмбытæй. Уыцы карз хæстыты хъæбатырæй хæцыд Дзаххот дæр.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæуæлахизы 45 азы бæрæгбоныл æмбæлгæйæ «ма зæгъынмæ хъавын уый, æмæ нæм кæй ис бирæ ахæм хъæбултæ, кæцытæ Райгуыраен бæстæйы сæраппонд радтой сæ цард, мæлæтмæ комкоммæ кæсгæйæ тырнытой уæлахиздзинадмæ æмæ сæрибарыл тохы фæмард сты.

Уыцы хъæбатыртæй ну уыд мæ фыды хæстон æмбал Хъæрæцаты Хасанбег дæр. Уый хæцыдис Дзаххотимæ ну батальоны. 1945 азы 6 мартъийы Венгрийы, Балатоны цады цур, сæ батальон хæрхæмбæлд фæци немыцимæ. Туг æнхъæвзын байдыдта Балатоны цады былтыл. Тох кодта карзæй-карздæр. Хъæрæцаты Хасанбег фæцæф.

Фæлæ уæддæр йæ сæрмæ не 'рхаста хæсты быдырæй рацæуын. Райдыдта кардæй хæст, æмæ уыцы ран хъæбатырæй фæмард.

Дзаххотæн йæхицæн йе 'ртæ æфсымæры Хазби. Валодя æмæ Бибола дæр хæсты быдырæй нал сыздæхтысты.

1945 аз, 9 май. Фæцис хæст. Знаг саст æрцыд. Берлины сæрмæ сфæйлыдта Уæлахизы тыриса, Дзаххот дæр уæлахизимæ ссыд Ирыстонмæ.

Хæсты фæстæ дæр-иу Дзаххоты фельетонтæ арæх фæзындысты мыхуыры. Уæлдайдæр та — «Рæстдзинад»-ы, 1977 азы та скодта бадзырд Цæгат Ирыстоны наукон-иртасæг институтимæ, цæмæй æрæмбырд кæна йæхи æмæ Дзугаты Буцкæйы фельетонтæ (20-æм æмæ 30-æм азты зындгонд уыд ацы фельетонист Ирыстоны), æмæ сæ рауадзой хицæн чиныгæй. Фельетонтæ сæ дыууæйæн дæр сты æмбырдгонд. Фæлæ Дзаххот 1981 азы фæзнан æмæ чиныг æрдæгарæзтæй баззадис. Мæнмæ гæсгæ, уыцы фельетонтæ сты хицæн чиныгæй рауадзыны аккаг, æмæ хорз уаид, ацы хъуыддагмæ сæ хъус куы 'рдариккой рауагъдад «Ир»-ы кусджытæ.

●

КЪАМЫ: (рахизæрдыгæй галиуæрдæм): æфсæддон-политикон училищейы курсант ХОДЫ Дзаххот, Фæскавказы æфсæддон зылды командыгæнæг, æфсады инæлар И. ТЮЛЕНЕВ, дивизионы комиссар ДОРОНИН æмæ политуправленийы хицау САНАХЪОНЫ-фырт (хъыгагæн йæ ном зындгонд нæу).

Æнæ зæгъгæ иæй «Рæстдзинад» биноиты тыххæй цы уацхъуыдтæ ныммыхуыр кодта, уыдоны ахадындзинады фæдыл дæр. Зæгъæм, «Ницы мæ чындзы хуызæн», «Афтæ æмбæлы файнустытæн», «Ирон снахс», «Дыккаг мад» æмæ бирæ æндæр уацмысы рубрикæйы бын æрмæджытæ. Арæх сывæллæттæ сæхæдæг уроктæ æрбахæссынц уыцы номыртæ. Хистæр кълæсты цы лæппутæ ахуыр кæны, уыдонæн уæлдай цымыдисагдæр æвæйы, æфсады цы лæппутæ службæ кæнынц, уыдоны тыххæй фыст уацхъуыдтæ.

Æнæ зæгъгæ иæй «Рæстдзинад» биноиты тыххæй цы уацхъуыдтæ ныммыхуыр кодта, уыдоны ахадындзинады фæдыл дæр. Зæгъæм, «Ницы мæ чындзы хуызæн», «Афтæ æмбæлы файнустытæн», «Ирон снахс», «Дыккаг мад» æмæ бирæ æндæр уацмысы рубрикæйы бын æрмæджытæ. Арæх сывæллæттæ сæхæдæг уроктæ æрбахæссынц уыцы номыртæ. Хистæр кълæсты цы лæппутæ ахуыр кæны, уыдонæн уæлдай цымыдисагдæр æвæйы, æфсады цы лæппутæ службæ кæнынц, уыдоны тыххæй фыст уацхъуыдтæ.

Æнæ зæгъгæ иæй «Рæстдзинад» биноиты тыххæй цы уацхъуыдтæ ныммыхуыр кодта, уыдоны ахадындзинады фæдыл дæр. Зæгъæм, «Ницы мæ чындзы хуызæн», «Афтæ æмбæлы файнустытæн», «Ирон снахс», «Дыккаг мад» æмæ бирæ æндæр уацмысы рубрикæйы бын æрмæджытæ. Арæх сывæллæттæ сæхæдæг уроктæ æрбахæссынц уыцы номыртæ. Хистæр кълæсты цы лæппутæ ахуыр кæны, уыдонæн уæлдай цымыдисагдæр æвæйы, æфсады цы лæппутæ службæ кæнынц, уыдоны тыххæй фыст уацхъуыдтæ.

Æнæ зæгъгæ иæй «Рæстдзинад» биноиты тыххæй цы уацхъуыдтæ ныммыхуыр кодта, уыдоны ахадындзинады фæдыл дæр. Зæгъæм, «Ницы мæ чындзы хуызæн», «Афтæ æмбæлы файнустытæн», «Ирон снахс», «Дыккаг мад» æмæ бирæ æндæр уацмысы рубрикæйы бын æрмæджытæ. Арæх сывæллæттæ сæхæдæг уроктæ æрбахæссынц уыцы номыртæ. Хистæр кълæсты цы лæппутæ ахуыр кæны, уыдонæн уæлдай цымыдисагдæр æвæйы, æфсады цы лæппутæ службæ кæнынц, уыдоны тыххæй фыст уацхъуыдтæ.

КЦОИТЫ Риммæ, Уæллаг Фыййагдоны скъолайы ахуыргæнæг.

МАХ ЗАМАНЫ АФТÆ НÆ ФЫСТОЙ

Гыццылæй фæстæмæ кæсын газет «Рæстдзинад». Цардыстæм Быдыры Дæргъæвсы æмæ истам ирон газет. Нæ мад æмæ нæ фыд кæсын кодтой, сæхæдæг æнахуыргонд уыдысты. Æмæ сæм цæй дзæбæх кастис «Рæстдзинад»-ы мыхуыргонд уацхъуыдтæм хъусын. Уæды заман фыстой, колхозтæй разæй чи у, стæй фæстейы чи уыд, уыдоны. Махæн нæ колхоз хуындис «Зæхкусæг». Нæ хорзы кой-ну куы бакастыстæм «Рæстдзинад»-ы, уæд-ну тынг цин кодтой, дзырдтой-ну сыхæн, дысон нæ сывæллæттæ «Рæстдзинад»-ы кастысты, нæ колхоз разæй цæуы, зæгъгæ. Ныр нæ ныййарджытæ нал сты, фæлæ мах уæддæр æрвылаз исæм «Рæстдзинад». Æвæдза, нæ мад æмæ фыд æгас куы уанккой, уæд тынг цин кæниккой уæ газетыл, афтæ цымыдисаг ссис. Уæлдайдæр, нæ ирон бинонты 'хсæн цард куыд цæуы, уый тыххæй. Ныртæккæ бинонты ахастдзинæдтæ сты ахсджиаг. Æз афтæ æнхъæл дæн, æмæ кæмæндæрты фæахъаз уыдзысты сæ цард нывыл рацаразынæн.

Æрæджы уыдтæн Ставд-Дурты мæ мады хо Фæрниаты Катямæ, цæуы йыл 90 азы. Байгæфтон æй «Рæстдзинад» кæсгæ. Æз æй дисгæнгæ афарстон, зæгъын «Рæстдзинад» кæсын зоныс? Æмæ мыл худгæй амард: «Цæй ирон ма дæн уæд, кæд æмæ иронау кæсын нæ зонын, уæлдайдæр ахæм диссæгтæ фыссынц, мах заманы, афтæтæ нæ фыстой, уыдон, æрæджы райдыдтой фыссын. Сыхбæсты, бинонты царды тыххæй æрмæг æхсызгонæй кæсын. Уыдон ныртæккæйы царды тынг хъæуынц, уадз æмæ æвзæр зона йæ æвзæрдзинад, хорз та йæ хорздзинад».

Ныр та зæгъынмæ хъавын уый, æмæ газеты сыхты цардыл арæхдæр фыссын хъæуы. Мах цæрæм Къесаты Астаны уыныджы 5/1 хæдзары. Бирæ адæмыхæттыты минæвæрттæ нæм нс. Не 'хсæн цæрæг немыцаг Владимир Шнайдер ныр не 'гъдæуттæ тынг уарзы. Иæ ус фæзнан, æмæ ныр загъта, ирон æвзæрд æй бакæнут, зæгъгæ. Мах ын йæ фæндон сæххæст кодтам. Нæ хæдзары хистæртæй ну у Чъерджиаты Æхсарбег. Уый у знаны æмæ цины æгъдæуæвæрæг æмæ йын кæстæртæ йæ фæндоныл кæддæриддæр разы вæййынц. Уæдæ нæ сыхы сылгоймæгтæм дæр нс бирæ фæзминаг хъуыддæгтæ. Цæуылнæ хъуамæ фыссæм нæ ирон газеты нæ хорз æгъдæутты тыххæй, уæдз æмæ нæ кæстæртæ фæзмой хорз хистæры зонд. Æмæ уыцы фарстатæ хъуамæ парахатдæрæй æвдыст цæуой газет «Рæстдзинад»-ы.

ЦЫРЫХАТЫ В.

НЫМÆЦТÆ, ÆВДИСÆНТÆ

Мыхуыры бон фидаргонд æрцыд 5 майы (21 апрель) 1912 азы газет «Правдæ»-йы фыццаг номыр куы рацыд, уæд. Æппæты фыццаг уыцы бон куысæг мыхуыры бæрæг-бон бæрæггонд æрцыд 1914 азы 5 майы, 1922 азæй фæстæмæ та Мыхуыры бон бæрæг кæнæм æрвылаз.

х х х

ССР Цæдисы мыхуыргонд цæуы 8 мин газетæй фылдæр. Газетты тиражмæ гæсгæ ССР Цæдис дунейы ахсы фыццаг бынат.

х х х

Нæ бæстæйы уагъд цæуы 1500 журналæй фылдæр. Милуангай тиражтæ ис журналтæ «Работница», «Здоровье», «Вокруг света» æмæ æндæртæн.

х х х

ССР Цæдисы ис 219 рауагъдады, 4 мин полиграфион куыстуаты.

ÆХСЫЗГОН «ЗНАГ»

НЬЮ-ЙОРК. Кæд уæ уæ сабиты æнæниздзинад фæнды, уæд сын фæкъаддæр кæнут, телевизормæ цы рæстæг кæсынц, уый. Ахæм уынаффæ кæны ныййарджытæн педиатрийы америкаг академи. Уыцы организацийы ныхасы куыд амынд ис, афтæмæй телевизоры экраны раз бирæ сахæтты бадын сывæллæттæн хæссы дыууæрдæм знак: æфты сыл уæлдай уæз æмæ кæнынц æгæр мæстыгæр.

Рапрæстытæ араздзытæ куыд сбæлвырд кодтой, афтæмæй американаг сывæллон къуыри телерадыстытæм кæсы 23 сахаты. Телевизормæ тæккæ къаддæр кæсдзытæ — 2 азæй 5 азы онг кæуыл цæуы, уыдон — телевизормæ кæсынц æппæтæй фылдæр: къуыри 25 сахаты онг.

Телевизоры раз æнæзмæлгæйæ, печенитмæ бадгæйæ, æнæниз цардыуаг айгъай не схондзынæ.

Педиатртæ ныййарджытæн æгъгъынц: сабитæн телевизормæ бон 1—2 сахатæй фылдæр кæсæн нæй.

ÆДЗÆСГОМ МИ

ВАШИНГТОН. Милуангай американаг тамако дымыныл æнæхайыры ахуыр куы халынц, уыцы рæстæг сæ тамакойы корпорацинтæ та сæ продукци фылдæрæйфылдæр ласынц фæсарæнтæм. 80-æм азты сигареттæ, сигарæтæ, лулæйы æмæ смудæн тамако ласт æрцыд дыууæ хатты фылдæр æмæ 1989 азы йæ аргъ схæццæ 4,2 миллиард доллæрмæ. Æдæппæтæй та уыцы азты АИШ æндæр бæстæтæм тамако аластой 25 миллиард доллæры аргъ.

Уымæй АИШ халынц адæмы æнæниздзинад æмæ сæ ныхмæ карзæй радзырдтой, тамако дымыны ныхмæ ацы мæйы райдайæны Австралийы цы æппæтдунеон конференци уыдис, уым Бæстæйы тамако дымыны ныхмæ АИШ-ы хицауад цы хъæддых мадзæлттæ аразы, уыдон хынцгæйæ, тамако афтæ бирæ нин æтæн уæй кæнын нымад æрцыд æвирхъау æдзæсгомдзинадыл.

7 МАЙЫ — РАДИО ÆМÆ БАСТДЗИНАДЫ КЪАБÆЗТЫ КУСДЖЫТЫ БОН

«Дæ райсом хорз, Ирыстон!»

Уайы дугъон бæхау рæстæг. Абоны вазыгджын цардыл нæ бæстæйы цы стыр ивддзинæдтæ цæуы, рацарæзты рæстæг йæхи уæлдай хъазуатондæрæй чи 'вдисы, парти æмæ ныл Советон хицауад нæ размæ цы ахсджиаг хæстæ æвæрынц, æппæт уыцы хабæрттæ æмæ нысантæ адæймы размæ ирдæй æмæ бæлвырдæй хæссынц нæ республикæйы радио æмæ телеуынынады кусджытæ.

Телеуынынады æмæ радиохъусынады программæтæ цæттæ кæныныл кусы журналистты, режиссерты, кинооператорты, инженерты, техникты стыр æмæ зæрдæргъæвд къорд. Сæ кусыты сæйраг бынат ахсынц адæмы абоны риссаг фарстатæ. Нæ радио-æмæ тележурналисты æрвылбон фенæн вæййы быдырты æмæ фермæты, арæзтадон фæзты æмæ заводты цехты.

Радио æмæ телеуынынады кусджытæ нудадзыг стыр æргом адæхынц пролетарон интернационализмы æмæ адæмы хæлардзинады хъуыдытæ пропагандæ кæнынмæ.

Радиокомитеты кусты тыххæй нын бæстондæр радзырдта Цæгат Ирыстоны телеуынынады æмæ радиохъусынады Паддзахадон комитеты сæрдары хæдивæг Æгъуызарты Саукуыдз:

— Æгас Цæгат Кавказы дæр зынгонд у, ныр 30 аз æй фылдæр чи цæуы, уыны нумæйаг радионурнал «Кавказы сæуæхсидтæ». Стыр ахадындзинад ын ис. Нумæ йæ арæзты сыхæг республикæты, крайты æмæ областты журналисттæ. Журналы рауагъдтæ 500 фæуæлæмæ сты (арæзы сæ Хуадонты Тамарæ). «Кавказы сæуæхсидты» архайдтой зыдгонд фыссджытæ Расул Гамзатов, Хъайсын Кулиев, нывтæнджытæ, композитортæ æмæ æндæртæ.

Радиокомитеты бирæ азты дæргъы зæрдиаг фæллой кæны æмæ æвæрæгау йæ бирæвæрсыг фæлтæрдзинад æнæнызвæлгай дæттын хæсты æмæ фæллойы ветеран Цæгъраты Гиго, Нырткка Гиго кусы информацион-музыкалон программæ «Дæ райсом хорз, Ирыстон!»-ы (йæ сæйраг редактор Сидахъты Татьянæ). Ацы программæмæ радиомæхъусджытæ стыр зæрдиагæй фенхъæлмæ кæсынц. Йæ сараз ныл хорз бакусынц Баллаты Ритæ, Хæдарцаты Лидæ, Цæкулаты Фатимæ, Дзагкойты Тамарæ, Хæстанты Победæ, Махъоты Мадинæ, Реуаты Аллæ. Раст зæгъыл хъæуы, сæ кусытæй разы дын.

Адæм сæ зæрдæтæм арф æйстой радионурналтæ «Хæдзармæ зæгъ гуыры», «Ныййарæджы цæссыгтæ», «Æдæймаг цы нæ фехъусы», «Ацы ног кинонывтæ», «Æрмæг æмæ æгъдау», «Ирон æвзаг — æмбæлттæ æмæ æнæмбæлттæ», «Ирон æвзаджы урок», «Ирон æмбырдтæ», «Ирон æмбырдтæ», «Ирон æмбырдтæ

дынданад ын ис. Нумæ йæ аразынц сыкаг республикæ-ты, крайты æмæ облæсты журналисттæ. Журналы рауагъдтæ 500 фæуæлæмæ сты (аразы сæ Хуадонты Тамарæ). «Кавказы сæуæхсидты» архайдтой зындгонд фыс-джытæ Расул Гамзатов, Хъайсын Кулиев, нывгæнджытæ, композитортæ æмæ æндæртæ.

Радиокомитеты бирæ азты дæргъы зæрдиаг фæллой кæны æмæ кæстæртæн йæ бирæвæрсыг фæлтæрддзинад æнæвгъауы дæтты хæсты æмæ фæллойы ветеран Цæгæраты Гиго. Ныртæккæ Гиго кусы информацион-музыкалон программæ «Дæ райсом хорз, Ирыстон!»-ы (йæ сæйраг редактор Сидахъты Татьянæ). Ацы программæмæ радиомæхъусджытæ стыр зæрдиагæй фенхъæлмæ кæсынц. Йæ саразыныл хорз бакусынц Баллаты Ритæ, Хæдарцаты Лидæ, Цæкулаты Фатимæ, Дзагкойты Тамарæ, Хестанты Победæ, Махъоты Мæдинæ, Реуазты Аллæ. Раст зæгъын хъæуы, сæ куыстæй разы дæн.

Адæм сæ зæрдæтæм арф айстой радиожурналтæ «Хæзнадон» æмæ «Хурзæрин». Нæ фыдæлтæ нын цы стыр хъæздыг, сфæлдыстадон бынтæ ныууагътой, уыдоны адæмы рæгъмæ чи хæссы, уыдонæй ну у Чеджемты Æхсар. Уымæй уæлдай Æхсар йæхи хъæппæрисæй сарæзта ветераны æнæштатон зарæгтæнджыты къорд «Нарон». Разамынд сын дæдты йæхæдæг. Уыдон ахуыр кæнынц зæронд зарджытæ æмæ мелодитæ. Рæстæгæй-рæстæгмæ сæ аивад рахæссынц радиомæхъусджыты тæрхонмæ. Нæ бæллиц у, кæддæр нæм цы зындгонд зарæгтæнджыты ныртæккæ та нæ республикæйы хабæрттæ базондзыстæм...

ЦОМАЙТЫ Ростислав.

КЪАМТЫ: телеуынынады социалон программæты редактор Быыккаты Светланæ æмæ фæсивæдон редакцийы режиссер Хæдарцаты Фатимæ; радиокомитеты кусджытæ — звукооператор Алыккаты Тамарæ, редактор Айларты Вероникæ, звукооператор Абайты Азæ æмæ хицæр редактор Чеджемты Æхсар ног бакастыл кусгæйæ.

Фæстаг рæстæг сæ къухы хорз сфæлдыстадон æнтыстдзинæдтæ æфты телеуыны-

Газеткæсджытæ куыд зонынц, афтæмæй нæ радиокомитет бирæ рæстæг хаста Хетæгкаты Къостайы ном. Фæлæ кæддæр кæйдер гуымиры фæндонмæ тæссæ ист æрцыд. Ацы хабары тыххæй бирæ адæймæгтæй фехъусын фæндæттæ, цæмæй Къостайы ном фæстæмæ лæвæрд æрцæуа радиокомитетæн. Адæмы фæндоныл ахъуыды кæнын хъæуы Цæгат Ирыстоны телеуынынады æмæ радиохъусынады Паддзахадон комитеты разамынды.

Къамтæ систа КЪÆБЫСТЫ Х.

ДЗЫРДБЫД



Фæрсырдæм: 7. Æфсæддон цин. 8. Бекъойты Елиозы уацау. 9. Уæзбарæн. 10. Цæлыккаты Мæирбеджы пьесæ «Æндон гуырдтæ»-йы архайæг. 12. Планетæ. 14. Хъæддаг бæлас. 15. Уæрдоны хуыз. 17. Адджинаг. 18. Афæдздзыд фыс. 19. Сылгоймаджы дарæс. 22. Ногдзауты лагерь. 24. Хъæбысæйхæцæг. 26. Хæдзары дзаума. 28. Ирон советон фыссæджы ном. 30. Æмбонд. 31. Нарты кадджыты архайæг. 32. Саджы мыггаг. 33. Бæдоаты Хъазыбеджы чиныг. 34. Наукæ.

Бынмæ: 1. Мамсыраты Дæбейы радзырд. 2. Къуымбил кусæн дзаума. 3. Цъамалæджы ивддзаг сихгæрдæг. 4. Ærыгон фæлтæр. 5. Хуыссæнгарз. 6. Дуарæхгæнæн. 9. Хъæууонхæдзарадон машинæ. 11. Цæгтæй арæзт бæндæн. 13. Рагон хæцæнгарзы хуыз. 15. Бæркад, минас. 16. Дымгæйы бардуаг ирон мифологийы. 20. Уымæлад кæрдæгыл. 21. Хæдзарон маргъ. 23. Ноэт. 24. Хæрздæфгæнæг зайæгой. 25. Паддзахадон хæрзиуæг. 27. Стыр уырыссаг поэт. 29. Кусæг фосы мыггаг. 30. Уырыссаг фыссæг-сылгоймаг.

Газет Социалистическая Осетия МЫХУЫР КÆНЫ

«Ныхас газеткæсæгимæ» — афтæ хуыйны номыры раздзырд. Уый æмæ газеты æндæр æрмæджытæ сты Мыхуыры боны фæдыл.

Номыры — Цæгат Ирыстоны Сæйраг Советы Указтæ.

Орджоникидзейы авджы заводы коммунистты дзуапдæттæн-æвзарæн æмбырдæй фыссы æхсæнадон уацхæссæг С. Джуринский.

«Социалистическая Осетия»-йы журналисттæ дзуапдæттынц газеткæсджыты фарстатæн.

Уымæй уæлдай ма номыры бакæсæн ис уацхъуыдтæ республикæйы царды алыхуызон цауты тыххæй, культурон æмæ спортивон царды ног хабæрттæ, æндæр æрмæг.

Редактор
ХЪЕСАТЫ В.

ÆХЦАТЫ ÆХСÆРДЗÆН

ГДР-йы рагон горæт Любены араздзыдтæ хæлдтой зæронд хæдзар. Кусджытæй ну егъау дзæбугæй къул куы ныххафт кодта, уæд уырдыгæй фемæхст æрттивыг æхцаты æнæхъæн æхсæрдзæн. Къулы разынд стыр хæзна. Ærнымадтой æхцаты æмæ дзы разынд 350 сыгъзæрин æмæ ссæдз мин æвзист æхцайы.

Скотти Вульф — баптисты разамонæг куыд зæгъы, афтæмæй бионты хъуыддаг бакæнын у тынг ахсджиаг. Æвæццæгæн уымæн фæнд кæны Глени æхсæз æмæ ссæдзæм хатт ус ракурын. Чи зоны, æмæ ныр фæуа хайджын бионты амондæй. Фæлæ йын йæ фыццаг уыстытæй цы 40 сыпæллоны ис, уыдон дарын цы хуызы йæ къухы æфты, уый тыххæй Вульф ницы зæгъы.

Ацы ног киноныл «Республикæ» сæ драматургион дебют. Режиссер Геннадий Полока зындгонд у йæ киноныл «Республикæ Шкид», «Один из нас», «Интервенция» æмæ æндæртæм гæссæ. Уый арæзт у ацы ног киноныл дæр. Советон сгараг А. Каротины ролы хъазы актер Борис Соколов, архайыдзы дзы актертæ Иван Бортник, Людмилæ Гурченко, Игорь Кваша, Еленæ Майорова, Валентин Никулин æмæ æндæртæ.

Аивадон-публицистон киноныл «В ОТВЕТЕ ЛЬ ЗРЯЧИЙ ЗА СЛЕПЦА»... — скульптор Эрист Неизвестныйы хъысмæт æмæ сфæлдыстады тыххæй, 70-æм азты йæ ССР Цæдисæй алидзыл кодтой фæсарæнтæм. Киноныл архайыдзы философ Мераб Мамардашвили, литературæвæртæг Юрий Карякин, фыссæг, режиссер Евгений Шифферс, нывгæйджытæ Владимир Янкилевский, Эдуард Штейнберг æмæ æндæртæ.

Киноныл «НОЧЕВАЛА ТУЧКА ЗОЛОТАЯ» арæзт у Анатолий Приставкины повесты мотивтæм гæссæ. Йæ режиссер — Суламбек Шамилов. Киноныл сæйраг темæ у æнахъом сабиты-фаззæтты трагикон хъысмæт. 1944 азы сæ Мæскуымæ хæстæг сидзæрдонæй раластой Кавказмæ. Ролты хъазыдзы Андрей æмæ Володя Башировтæ, Тамерлан Шатаев, Иван Бортник, Наталья Мерц æмæ æндæртæ.

«ТРУДНО БЫТЬ БОГОМ». Ацы киноверси арæзт у Стругацких Аркадий æмæ Борисы романмæ гæссæ. Аразгæ та йæ скодтой ныгуылæнгермайнаг режиссер Петер Фляйшман, францаг æмæ советон сценаристтæ Жан Клод Каррьер, Даль Орлов, советон æмæ фæсарæйнаг актертæ.

Ацы ног киноныл цæуды сты майы республикæйы кинотеатрты.

ХОНÆМ УÆ АХУЫРМÆ

СТЪАРАПОЛЫ КРАЙЫ ПЕРВОМАЙСКЫ 12-æм ПРОФЕССИОН-ТЕХНИКОН УЧИЛИЩЕ ИСЫ АХУЫРДЗАУТЫ 1990 — 1991 АХУЫРЫ АЗМÆ АХÆМ ДÆСНЫЙÆДТЫЛ:

мастер-цыхтахсæг (ахуыры рæстæг — 2 азы, ист цæуынц, астæуккаг ахуыргонддзинад кæмæ ис, уыдон; **мастер цыхтахсæг**, ахуыры рæстæг — 3 азы, ист цæуынц, æнæххæст астæуккаг ахуыргонддзинад кæмæ ис, уыдон);

химион-технологон анализы лаборант (ахуыры рæстæг — 1 аз, ист цæуынц, астæуккаг ахуыргонддзинад кæмæ ис, уыдон);

уазалгæнæн кусæндзаумæтты машинист (ахуыры рæстæг — 1 аз, ист цæуынц, астæуккаг ахуыргонддзинад кæмæ ис, уыдон).

Училищемæ цæугæйæ, бавдисын хъæуы ахæм документтæ:

курдиат директоры номыл,
документ ахуыргонддзинады тыххæй,
медицинон справкæ (формæ № 086/У),
цыппар къамы, сæ ас — 3х4 см.

Астæуккаг ахуыргонддзинад кæмæ ис, уыцы къорды ахуырдзаутæн фыст цæудзæн стипенди 70 сомы мæй. Æнæххæст астæуккаг ахуыргонддзинад кæмæ ис, уыдонæн дæтдзысты лæвар хæринаг, дарæс.

Училище каст фæуæвджытæ æрвыст цæудзысты кусынмæ Цæгат Кавказы республикæтæм, УСФСР-йы æндæр регионтæм.

Училищейы ис æмдзæрæн, спортивон зал, фæллойы æмæ фæлладуадзæн базæ Сау дендзыз былгæрон.

Училищейы адрис: Стъараполы край, Малокарачаевскы район, Первомайскы хъæу (цæуæн æм ис автобусыл Кисловодск- Терезейæ станцæ «Первомайское»-йы онг).

УЧИЛИЩЕЙЫ ДИРЕКЦИ.

362015 — ЦИАССР.
г. Орджоникидзе.
Тбилисы уынг. 98.
«Мыхуыры хæдзар»

Телефонтæ:
- Редактор — 5-46-36, 5-45-27.
- Ред. хæдивджытæ — 5-55-89, 5-35-87.
- Бæрнон секретарь — 5-44-37.
- Бæрнон сек. хæдивджытæ — 5-46-39.

ХАЙÆДТÆ:
- Партион-идеологон куыст 5-45-36, 5-35-88.
- Советон куыст æмæ барад — 5-44-19, 5-35-88.
- Индустрион-экономикон — 5-45-31.
- Агропромышленнон — 5-37-97, 5-45-16.
- Культурæ, ахуырад, наукæ — 5-53-74, 5-44-33.
- Спорт, информаци — 5-35-92, 5-53-72.
- Писмоты, социалон рæзт — 5-44-57 5-63-19.
- Къамисæг, нывгæнæг — 5-56-50.
- Тæлмацгæнæг — 5-63-19.
- Корректортæ — 5-67-03.
- Изæрон редакци — 5-35-71.
- Бухгалтери — 5-36-68.

Газет цæуы афæда 250 хатты, къуыри та — фонда хатты.
Индекс — 53901.
2

ЕИ 01125.
Бæрзонд мыхуыр.
1,86 мыхуырон сыфы.
Тираж — 23.500
Заказ № 254.

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы рауагъдады типографи.
362015, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98.